Department of Education
Chancellor David C. Banks



# Atant sou Konpòtman Nan Tout Vil lan pou Sipòte Aprantisaj Elèv yo Klas 6yèm-12yèm ane

ansanm ak Deklarasyon Dwa ak Responsablite Elèv yo soti nan Kindergarten pou rive 12yèm ane ak Kòd Disiplin lan

**Efektif Depi Septanm 2019**

NYC Department of Education

**David C. Banks**
*Chanselye*

**Mark Rampersant**
*Chèf*
*Biwo Sekirite ak Patenarya*
*Prevansyon*

Se politik Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) pou bay opòtinite egalego nan edikasyon san baze sou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte/imigrasyon, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi/gason), idantite jan moun lan ye, ekspresyon jan moun lan ye oswa gwosè. Se règleman NYCDOE tou pou li kenbe yon anviwònman kote pa gen asèlman sou baz nenpòt nan bagay nou sot site la yo, ansanm ak asèlman seksyèl.

Ou ka mande ransèyman konsènan konfòmite ak règleman kont diskriminasyon an nan:
Biwo NYCDOE Pou Opòtnite Egalego, 65 Court Street, Brooklyn, New York 11201, (718) 935-3320.

## TAB MATYÈ

### Atant sou Konpòtman Nan Tout Vil lan pou Sipòte Aprantisaj Elèv yo

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) pran angajman pou garanti lekòl nou yo se anviwònman ki gen sekirite, sennesof epi ki gen lòd kote ansèyman ak aprantisaj fèt chak jou. Yon lekòl ki ansekirite ak ankourajan depann sou efò tout manm kominote lekòl la—pwofesè yo, elèv yo, administratè yo, paran yo, konseye yo, travayè sosyal yo, pèsonèl sekirite an, founisè sèvis ki ede avèk andikap (Related Services), pèsonèl kafeterya, gadyen ak otobis yo—pou trete yonn lòt ak respè.

Nan dokiman sa a gen Deklarasyon Dwa ak Responsablite Elèv yo soti nan Kindergarten pou rive nan 12yèm ane (https://www.schools.nyc.gov/StudentRights), ki ankouraje konpòtman elèv responsab ak yon anviwònman ki gen diyite ak respè nan mete prensip pou ede elèv yo lite pou yo vin sitwayen k ap pwodui nan yon sosyete ki plen divèsite.

### Nòm Konpòtman yo

Tout manm kominote lekòl la— elèv yo, pèsonèl lan ak paran yo—dwe konnen ak konprann nòm konpòtman yo atann pou tout elèv yo respekte menm jan ak repons apwopriye ki genyen si yo pa respekte yo.

Atant sou Konpòtman Nan Tout Vil lan pou Sipòte Aprantisaj Elèv yo (ansanm ak Kòd Disiplin lan) bay deskripsyon konduit ki satisfè nòm konpòtman yo atann nan men elèv NYC yo epi li defini konduit ki pa satisfè nòm sa yo. Li gen ladan l divès sipò ak entèvansyon epitou mezi disiplin ki posib lekòl yo ka itilize pou abòde pwoblèm move konpòtman an.

Atant sa yo sou Konpòtman Nan Tout Vil La aplike ak tout elèv nan lekòl NYCDOE yo.


**DEKLARASYON MISYON SOU KLIMA AK DISIPLIN NAN LEKÒL** 3

**ENTWODIKSYON** 3

**PARAN YO KÒM ASOSYE** 4

Prezans 4

**FÈ PWOMOSYON YON KONPÒTMAN ELÈV KI POZITIF** 5

**DEKLARASYON DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO SOTI NAN KINDERGARTEN POU RIVE NAN 12YÈM ANE** 7

Prefas 7

I. Dwa pou yon Edikasyon Gratis nan Lekòl Leta 7

II. Dwa pou Pale ak Dwa Moun 8

III. Dwa pou Gen Yon Tretman ki Jis 8

IV. Lòt Dwa Elèv ki gen 18 lane ak Plis yo: 9

V. Responsablite Elèv yo 10

**ECHÈL SIPÒ AK SANKSYON PA ETAP** 11

**SIPÒ AK ENTÈVANSYON** 13

Dokiman Kontrandi Obligatwa 13

Glosè Sipò ak Entèvansyon 13

**PRATIK KOREKSYON YO** 16

Glosè Pratik Koreksyon yo 16

**KONSIDERE KONPÒTMAN VYOLAN AK KONPÒTMAN KI BAZE SOU PREJIDIS** 18

Prevansyon ak Entèvansyon 18

Kisa Entimidasyon ye? 19

Entimidasyon Pa Konfli 20

**PWOSEDI DISIPLIN YO** 21

Sanksyon nan Lekòl 21

Sispansyon epi Deyò nan Sal Klas 21

Opsyon Anplis pou Elèv ki gen Andikap yo 21

Revizyon pou Detèminasyon Sanksyon (MDR) 21

Evalyasyon Fonksyonèl sou Konpòtman yo (FBA yo) ak Plan Entèvansyon sou Konpòtman yo (BIP yo) 22
**SANKSYON YO** **23**
Sanksyon nan Lekòl 23
Evakyasyon nan Sal Klas lan nan men Pwofesè an 23
Sispansyon Direktè an bay 23
Sispansyon Sipè entandan an bay 24
Opsyon Dispozisyon pou Sispansyon Sipè entandan an ki Egzije Apwobasyon nan men Chanselye an oswa Reprezantan l oswa Sipè entandan Kominote an 24
Sipò pou Elèv yo Pandan Sispansyon an ak Lè Yo Tounen sot nan Sispansyon an 25
**APÈL AK TRANSFÈ** **26**
Apèl 26
Opsyon Transfè yo 26
**BAGAY YO ENTÈDI: ZAM YO** **27**
Kategori I 27
Kategori II 27
**DISIPLIN PA ETAP** **27**
Detèmine Sankyon an 28
**NIVO ENFRAKSYON PA ETAP YO** **29**
Ki Kote epi Kilè Kòd Disiplin lan Aplike 29
**ENFRAKSYON KÒD DISIPLIN LAN: KLAS 6YÈM-12YÈM ANE** **30**
Enfraksyon Nivo 1 – Konpòtman Ki Pa Kowopere/Pa Konfòme l 30
Enfraksyon Nivo 2 yo – Konpòtman Ki Dezòd, Ki Pousuiv 31
Enfraksyon Nivo 3 yo – Konpòtman Ki Deranje 32
Abòde Konpòtman Nivo 4 ak Nivo 5 yo 35
Enfraksyon Nivo 4 yo – Konpòtman Agresif oswa Ki Lakoz Blese/Ki Fè Moun Mal 36
Enfraksyon Nivo 5 – Konpòtman Ki Danje Anpil oswa Vyolan 39

Tounen nan tèt lan

## DEKLARASYON MISYON SOU KLIMA AK DISIPLIN NAN LEKÒL

Nan mwa jiyè 2015 ki pase an, administrasyon de Blasio an te soti yon nouvo "[Deklarasyon Misyon sou Klima ak Disiplin nan Lekòl](https://www1.nyc.gov/site/sclt/impact/impact.page)" (https://www1.nyc.gov/site/sclt/impact/impact.page) ki adopte youn nan rekòmandasyon Ekip Lidèchip lan. Deklarasyon misyon sa a anba.

Biwo majistra Vil Nouyòk, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk, ak Depatman Polis Vil Nouyòk kwè lekòl Vil la dwe ankouraje yon anviwònman ki favorize aprantisaj plis posib. Nou kwè tout timoun merite anviwonnman sa yo epi tout timoun gen potansyèl pou aprann epi reyisi. Sa vle di avan tou fòk lekòl nou yo ansekirite. Sa vle di tou pou nou kenbe lekòl nou yo ansekirite, nou dwe prezève karaktè esansyèl yo kòm kote pou moun aprann pandan yo ap sèvi bezwen timoun lan annantye.

Vil Nouyòk kwè metòd pinisyon ki twò di yo pa nan avantaj elèv yo, yo pa rive fè lekòl nou yo vin pi ansekirite, epi yo ka deranje potansyèl elèv yo pi devan. Rechèch yo montre li pi bon pou elèv y ap pran mezi disiplin kont yo ansanm avèk lekòl kote yo ye a, lè yo founi sipò pozitif ki anseye elèv yo aptitid sosyal ak emosyonèl ak konpòtman ki nesesè pou aprann ak patisipe nan sosyete a. Pou sa, Vil Nouyòk la pral bay pèsonèl lekòl lan ak pèsonèl sekirite an fòmasyon sou pi bon pratik yo dapre rechèh sou kòman pou bay sipò sa yo epi amelyore sipò pou elèv ki gen bezwen espesyal yo ak elèv ki gen twomatis ki gen rapò avèk povrete oswa vyolans. Rekonèt kèk lekòl pral bezwen resous ansanm avèk fòmasyon anplis, Vil Nouyòk pral bay pèsonèl sipò yo bezwen pou mete anplas tip disiplin pa etap nan lekòl ki gen anpil bezwen yo anpatikilye. N ap apiye nou sou modèl lokal ak nasyonal yo pou amelyore klima ak sekirite nan lekòl yo an menm tan. Nan fason sa a, Vil Nouyòk la pral diminye itilizasyon ranvwa timoun lekòl kòm mezi disiplin epi l ap elimine manda konparisyon ak arestasyon pou move konpòtman nan lekòl la ki pa grav, pandan l ap kontinye travay plis pou sekirite nan lekòl yo.

Vil Nouyòk pa tolere diskriminasyon e li pral itilize tout zouti pou elimine enkonsistans ak disparite nan disiplin elèv yo sou baz ras, koulè, relijyon, laj, kwayans, orijin nasyonal, alyenaj, sitwayènte/estati imigrasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi/gason), idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl oswa pwa yo ye pou tout bon oswa jan yo wè l lan.

[Tounen nan tèt lan]

## ENTWODIKSYON

Fason elèv yo kondui yo nan lekòl se yon faktè enpòtan pou etabli ak kenbe yon kominote lekòl ki gen respè ak sekirite. Pou ankouraje konpòtman pozitif kay elèv lan, tout manm kominote lekòl la—elèv yo, pèsonèl lan ak paran yo—dwe konnen ak konprann nòm konpòtman yo atann pou tout elèv yo respekte ak sanksyon ki genyen si yo pa respekte nòm konpòtman yo.

Li enpòtan anpil pou lekòl mete tan apa pou yo revize avèk elèv yo nòm konpòtman sa yo [Deklarasyon Dwa ak Responsablite Elèv yo soti nan Kindergarten pou rive nan 12yèm ane](https://www.schools.nyc.gov/StudentRights) (https://www.schools.nyc.gov/StudentRights), [Itilizasyon Akseptab Entènèt lan ak Politik Sekirite NYCDOE an (IAUSP)](https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/internet-acceptable-use-policy) (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/internet-acceptable-use-policy). Yo ta dwe adapte revizyon sa a dapre laj elèv lan pou tout elèv konnen ak konprann ki konpòtman pou yo genyen lè yo lekòl, ansanm ak konpòtman pou yo genyen lè y ap itilize sistèm entènèt NYCDOE yo kèlkeswa kote yo ye a. Ajisteman sa a enpòtan espesyalman lè ou ap travay avèk timoun ki nan ti klas yo piske kapasite yo sou pwen devlopman poko fin devlope nèt pou yo konprann konpòtman ak repons yo. Tout elèv, kèlkeswa laj yo, sipoze okouran sa kominote lekòl la ap atann nan men yo epi patisipe aktivman nan kreyasyon "règ fondamantal" pou konpòtman yo.

Menm jan an tou, pèsonèl anseyan ak pèsonèl lekòl lan dwe demontre konpòtman yo atann nan men yo an yon fason klè ak konsistan, konsa pou sèvi kòm modèl pou yon kominote lekòl ki gen lòd, sekirite ak respè. Pèsonèl anseyan ak pèsonèl lekòl dwe fèm ak konsistan nan abòde konpòtman elèv yo nan yon fason ki pèmèt elèv yo aprann apati erè yo epi pran responablite move konduit yo.

[Tounen nan tèt lan]

## PARAN YO KÒM ASOSYE

*Sonje: Nan dokiman sa a, paran an fè referans ak paran oswa responsab timoun lan oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab timoun la. Sa gen ladan l: paran biyolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal, paran nan fwaye akèy, ak "moun ki reprezante paran" yon timoun ki nan yon lekòl nan moman an. "Moun ki reprezante paran an" fè referans ak yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se akoz, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, li pa rete nan Eta a, oswa abandon timoun lan.

Elèv yo, paran yo ak pèsonèl lekòl la, yo tout gen yon wòl nan kenbe lekòl yo ansekirite epi yo dwe travay ansanm pou reyalize objektif sa a. Pèsonèl lekòl la ta dwe kenbe paran yo okouran konpòtman pitit yo epi angaje paran yo kòm asosye lè y ap chèche rezoud pwoblèm yo. Motivasyon paran yo ka gen ladan l yon apèl nan telefòn, yon konferans fizik, ak kominikasyon ekri. Pou garanti paran yo kapab, jwenn ankourajman epi jwenn sipò pou vin tounen asosye aktif k ap patisipe nan ankouraje yon anviwònman lekòl ki sennesof, ankourajan, yo ta dwe vin abitye ak Kòd Disiplin lan. Yo rekòmande lekòl yo pou yo bay sipò sa yo:

- Responsab lekòl yo gen responsablite pou pataje enfòmasyon ki nan dokiman sa a ak elèv, paran yo ak pèsonèl lan. Nou ankouraje lekòl yo fè atelye travay pou paran yo ka konprann Kòd la ak kòman pou yo travay pi byen ak lekòl la pou kore pwogrè sosyoemosyonèl pitit yo an.
- Edikatè yo responsab pou enfòme paran yo sou konpòtman pitit yo an ak pou favorize ladrès elèv yo bezwen pou yo gen siksè nan lekòl ak nan sosyete a. Yo ankouraje paran yo pou pale ak pwofesè pitit yo an ak lòt pèsonèl lekòl la sou pwoblèm ki ka afekte konpòtman elèv yo ak estrateji ki ka efikas lè y ap travay ak elèv la.

Li enpòtan pou gen bon chita pale ak bon kominikasyon ant lekòl la ak fwaye an. Lekòl yo dwe fè aranjman pou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon, si sa nesesè pou kominike avèk paran yo. Nan konferans sou oryantasyon direktè a oswa reprezantan yo, yon konseye lekòl lan, paran elèv la ak yonn oswa plizyè pwofesè elèv la te suiv yo se yon mwayen efikas pou ankouraje opinyon paran yo epi yo ta dwe òganize yo ak elèv yo lè sa apwopriye.

Paran ki vle pale sou sipò ak entèvansyon pou reponn ak konpòtman elèv ta dwe kontakte lekòl pitit yo an, sa gen ladan l Kowòdonatè Paran an oswa si sa nesesè, Kowòdonatè Sipò pou Fanmi an nan Biwo Distri ou an. Tanpri itilize paj entènèt ki suiv lan pou oryantasyon sou moun ki apwopriye nan lekòl oswa distri ou an pou atenn epi enfòmasyon pou chèche enfòmasyon sou kontak yo: https://www.schools.nyc.gov/school-life/support/get-help.

Si yon elèv gen yon konpòtman ki pa apwopriye, ki vyole Kòd Disiplin lan, direktè a oswa reprezantan l dwe rapòte konpòtman an bay paran elèv la. Lè yo kwè yon elèv komèt yon krim, yo dwe avize lapolis ak paran l. Gade Règleman A-412 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations) pou plis enfòmasyon.

### Prezans

Prezans nan lekòl lan enpòtan anpil pou pwogrè akademik ak siksè yon elèv. Pèsonèl lekòl lan dwe asire yo prevwa pou elèv ki gen yon tandans absans yo sansibilizasyon, entèvansyon ak sipò ki apwopriye. Komite Prezans lekòl la oswa Komite Pèsonèl Elèv la ta dwe revize ka absanteyis yo, ka absanteyis ki rive tout tan yo ak/oswa woul yo epi yo ta dwe enplike pwofesè prezans yo, sansè yo, konseye pedagojik yo, travayè sosyal yo ak lòt pèsonèl lekòl la pou fasilite yon solisyon.

Pèsonèl lekòl lan dwe rankontre avèk elèv lan ak paran l pou yo ka wè ki sipò ki nesesè ak yon seri aksyon apwopriye ki ka gen ladan yo men ki pa limite ak: entèvansyon pou oryantasyon, konferans fanmi yo, rekòmandasyon pou konsèy, chanjman nan pwogram akademik, kontra ak/oswa rekòmandasyon pou leson oswa pwogram apre lekòl. Yon kantite Modèl Sèvis pou Prevansyon (https://www1.nyc.gov/site/acs/child-welfare/preventive-services.page) disponib ak òganizasyon kominotè ki gen kontra ak Administrasyon NYC pou Sèvis Timoun yo (https://www1.nyc.gov/site/acs/about/about.page). Abitye ak opsyon sa yo ede fanmi ak lekòl yo konprann kijan yon sèvis prevansyon ka itil nan abòde koz absans lan.

Lekòl yo responsab tou pou devlope epi pibliye yon seri politik sou prezans ki pataje avantaj nòm prezans yo epi ki defini tou absans (oswa vini ta yo) yo konsidere ki jwenn padon yo, dokiman ki egzije yo ak repons apwopriye yo. Pou plis enfòmasyon, gade [Règleman A-210 Chanselye an](https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations) (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

Tounen nan tèt lan

## FÈ PWOMOSYON YON KONPÒTMAN ELÈV KI POZITIF

Mòd fonksyònman ak klima lekòl la gen yon gwo efè sou pwogrè akademik elèv yo ak rapò yo ak kamarad yo ak adilt yo. Yo atann pou chak lekòl fè pwomosyon yon kilti lekòl ki pozitif ki bay elèv yo yon anviwonnman ankourajman kote yo grandi alafwa sosyalman ak akademikman.

Yo atann pou lekòl yo jwe yon wòl dinamik nan kiltive konpòtman dinamik kay elèv yo. Aprantisaj sosyoemosyonèl dwe se yon eleman debaz nan pwogram prevansyon inivèsèl yon lekòl pou tout elèv. Bon jan aprantisaj sosyoemosyonèl ede elèv devlope aptitid fondamantal pou lavi, sa gen ladan l:

- Rekonèt emosyon epi jere yo
- Devlope sousi ak enterè pou lòt moun
- Etabli relasyon pozitif
- Pran desizyon ki responsab
- Jere sitiyasyon difisil yo yon fason konstrikstif epi ak etik




Lè elèv yo devlope aptitid sa yo, yo fè plis eksperyans pozitif avèk kamarad yo, yo angaje nan plis konpòtman sosyal pwodiktif epi yo gen mwens chans pou yo gen move konduit.

Etabli yon sistèm sipò plizyè nivo nan tout lekòl lan (MTSS) enpòtan anpil pou asire bon sipò yo an plas epi lekòl yo ap reyalize disiplin pa etap. MTSS se yon sistèm global ki analize tout elèv yo epi bay entèvansyon ki sible, jan sa nesesè. Objektif sipò sa yo se pou ankouraje rezilyans ak aptitid prososyal elèv yo bezwen pou reyisi nan sal klas lan ak pi lwen toujou.

Manm pèsonèl lekòl yo responsab tou pou yo abòde move konpòtman elèv ki deranje aprantisaj. Yo atann pou administratè yo, pwofesè yo, konseye yo ak lòt pèsonèl lekòl lan angaje tout elèv yo nan estrateji entèvansyon ak prevansyon ki konsène pwoblèm konpòtman yo epi pale sou yo ak elèv la ak paran yo. Pou plis enfòmasyon konsènan dezeskalad kriz konpòtman ak entèvansyon, tanpri gade Règleman A-411 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

Si, nenpòt lè, otorite lekòl la sispèk difikilte yon elèv kapab se konsekans yon andikap ki ta egzije sèvis edikasyon espesyal, yo ta dwe rekòmande elèv lan tousuit bay Komite sou Edikasyon Espesyal lan (CSE; https://www.schools.nyc.gov/special-education/help/committees-on-special-education). Pou pwoteksyon anplis pou elèv ki gen andikap yo, gade tou paj 21–22.

Patisipasyon elèv lan enpòtan nan kreyasyon yon anviwònman kilti lekòl pozitif ki ankouraje kwasans elèv yo sou plan sosyal emosyonèl ak reyalizasyon akademik. Lè yo ofri elèv yo anpil opòtinite pou patisipe nan pakèt aktivite sosyal epi, an menm tan, konekte yo avèk granmoun k ap ankouraje yo, sa ka ede anpeche konpòtman negatif. Egzanp yo ka gen ladan yo:

- bon jan opòtinite pou pataje lide ak sousi epi patisipe nan inisyativ nan tout lekòl la (pa egzanp: gouvènman elèv, fowòm elèv yo fè regilyèman yo; pwojè sèvis kominote nan tout lekòl la, elatriye.);
- devlòpman lidèchip kay elèv lan;
- aktivite paraskolè apre lekòl yo (pa egzanp: klèb etidyan, ansanm ak klèb ak ekip ki lye ak espò; òganizasyon sèvis; elatriye);
- rekonesans pwogrè elèv yo regilyèman nan yon pakèt domèn akademik ak paraskolè.

Opòtinite konsa ansanm avèk yon pwogram global prevansyon ak sipò entèvansyon, bay elèv yo eksperyans, estrateji, aptitid, ak sipò yo bezwen pou yo briye.

Tounen nan tèt lan

## DEKLARASYON DWA AK RESPONSABLITE ELÈV YO SOTI NAN KINDERGARTEN POU RIVE NAN 12YÈM ANE

Sonje: Deklarasyon Dwa ak Responsablite Elèv yo soti nan Kindergarten pou rive nan 12yèm ane yo pibliye sou entènèt nan https://www.schools.nyc.gov/StudentRights.

### Prefas

Lekòl leta Vil Nouyòk yo ap chèche kreye yon anviwònman respè yonn pou lòt pami elèv yo, paran yo ak pèsonèl lan. Lekòl vil lan vize tou pou enplike elèv yo nan aktivite ak pwogram, anndan ak andeyò kominote lekòl lan, ki mete aksan sou yon angajman ak responsablite sivik ak sèvis kominotè. Ak kowoperasyon tout manm kominote lekòl nou yo, elèv yo ka atenn ekselans edikatif pandan yo ap jwi yon eksperyans aprantisaj ki rich. Dokiman sa a sèvi kòm yon gid pou elèv yo pandan y ap lite pou yo vin tounen sitwayen k ap pwodui nan yon sosyete ki varye.

### I. Dwa pou yon Edikasyon Gratis nan Lekòl Leta

Dwa pou yon edikasyon nan lekòl leta gratis se yon "dwa elèv" ki fondamantal ki garanti pou tout timoun. Elèv yo gen dwa pou:

1. ale lekòl epi resevwa yon edikasyon gratis nan lekòl leta depi kindergaten pou rive laj 21 lane oswa pou yo pran yon diplòm lekòl segondè, jan lalwa mande l; elèv yo detèmine ki se Moun k ap Aprann Plizyè Lang gen dwa pou yo nan pwogram edikasyon bileng oswa nan pwogram anglè kòm deyèm lang lan jan lalwa mande l; elèv ki gen andikap yo panse ki bezwen edikasyon espesyal gen dwa pou edikasyon piblik ki apwopriye gratis apati laj 3 lane jiska 21 lane, jan lalwa mande l;
2. yo nan yon anviwònman sennesof ak favorab, ki pa gen diskriminasyon, asèlman, entimidasyon ak entolerans epi pou pote plent si yo santi yo viktim konpòtman sa a (gade règleman A-830, A-831, A-832, A-420, ak A-421 Chanselye an nan https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations);
3. resevwa koutwazi ak respè nan men lòt moun kèlkeswa laj, ras, kwayans, koulè, sèks, idantite seksyèl (ansanm ak dwa elèv yo pou yo itilize twalèt ak vestyè yo nan konfòmite ak idantite seksyèl yo epi pou yo abòde yo ak non epi pwonon ki konsistan ak idantite seksyèl yo) ekspresyon seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, sitwayènte/estati imigrasyon, pwa, oryantasyon seksyèl, kondisyon fizik ak/oswa emosyonèl, andikap, eta matrimonyal ak kwayans politik pou tout bon oswa jan yo wè l lan;
4. resevwa yon kopi règleman ak pwosedi yo alekri, ansanm ak Atant sou Konpòtman Nan Tout Vil lan pou Sipòte Aprantisaj Elèv yo (ansanm ak Kòd Disiplin lan; https://www.schools.nyc.gov/DCode) ak Deklarasyon Dwa ak Responsablite Elèv yo soti nan Kindergarten rive nan 12yèm ane Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) (https://www.schools.nyc.gov/StudentRights), bonè nan ane lekòl lan oswa depi yo fin rantre lekòl la pandan ane lekòl la;
5. yo okouran kondisyon diplòm yo, tankou kou ak egzamen ak enfòmasyon sou èd pou satisfè kondisyon sa yo;
6. jwenn enfòmasyon sou egzamen ki obligatwa pou sante, pou evalye entèlijans ak enfòmasyon sou egzamen lang yo;
7. gen enfòmasyon sou kou ak pwogram ki disponib nan lekòl la ak opòtinite pou yo bay opinyon yo nan chwa kou opsyonèl yo;
8. resevwa enstriksyon pwofesyonèl;
9. konnen kritè pou bay nòt pou chak matyè ak/oswa kou lekòl la ofri epi pou resevwa nòt pou travay lekòl yo fè dapre kritè ki fikse yo;
10. jwenn enfòmasyon sou pwogrè nan edikasyon epi resevwa evalyasyon chak peryòd alafwa enfòmèl ak atravè rapò pwogrè fòmèl yo;
11. jwenn avi a tan sou posiblite pou yo pa pase klas lan oswa echwe nan yon kou;
12. yo avèti yo sou dwa pou ale nan apèl konsènan double klas oswa pa fè bon nòt;
13. konfidansyalite nan jesyon dosye elèv lan sistèm eskolè an kenbe;
14. mande oswa pou paran yo mande pa bay enstitisyon edikasyon siperyè ak/oswa enstitisyon militè k ap anboche moun enfòmasyon pou kontakte yo; (Pou pwoteje dwa elèv ak paran yo pou yo detèmine kòman yo vle divilge enfòmasyon yo bay militè, lekòl ki bay Batri Aptitid Pwofesyonèl Sèvis ak Zam yo (ASVAB) yo p ap bay enstitisyon militè k ap anboche moun nòt elèv lan fè amwenske ni paran ni elèv la bay konsantman alekri.)
15. resevwa oryantasyon, konsiltasyon ak konsèy pou devlopman pèsonèl, sosyal, edikatif, nan karyè ak pwofesyonèl.

## II. Dwa pou Pale ak Dwa Moun

Tout elèv gen garanti dwa pou bay opinyon yo, defann yon koz, òganize yo ak rasanble pou diskite pwoblèm ak manifeste nan lapè ak nan responsablite pou sipòte yo, dapre règleman ak pwosedi Depatman Edikasyon Vil Nouyòk tabli. Elèv yo gen dwa pou:

1. òganize, ankouraje ak patisipe nan yon fòm gouvènman elèv ki reprezante l;
2. òganize, ankouraje, ak patisipe nan òganizasyon elèv, nan klèb sosyal ak edikatif ak nan gwoup politik, relijye ak filozofik ki respekte kondisyon Lwa sou Aksè Egalego an;
3. reprezantasyon nan komite lekòl ki apwopriye ki gen enfliyans sou pwosesis edikasyon an, avèk dwa pou vote lè sa nesesè;
4. pibliye jounal lekòl ak bilten nouvèl lekòl ki montre lavi ki egziste nan lekòl la epi eksprime enkyetid ak opinyon elèv yo ki respekte metòd jounalis ki responsab epi ki depann sou regleman rezonab dapre pwoblèm pedagojik ki reyèl;
5. fè sikile, ladan sikilasyon elektwonik, jounal, feyè oswa depliyan literati oswa politik sou lakou lekòl la, depann ak regleman ki rezonab lekòl la fikse konsènan lè, kote ak jan pou yo distribiye yo, eksepte lè dokiman sa yo se dokiman difamatwa, obsèn, komèsyal, oswa k ap entèwonp lekòl la, ki deranje oswa vyole dwa lòt moun;
6. mete badj politik oswa lòt kalite badj oswa braslè, eksepte lè dokiman sa yo se dokiman difamatwa, obsèn oswa ki entèwonp lekòl la, ki deranje oswa vyole dwa lòt moun;
7. afiche avi sou tablo nan lekòl la oswa sou sit entènèt lekòl la depann ak regleman ki rezonab lekòl la fikse, eksepte lè dokiman sa yo se dokiman difamatwa, obsèn, komèsyal oswa k ap entèwonp lekòl la materyèlman, ki deranje oswa vyole dwa lòt moun;
8. deside pwòp abiman yo nan limit paramèt politik NYCDOE fikse sou inifòm lekòl yo epi ki konfòm ak kwayans relijye, eksepte lè abiman sa yo danje oswa lè yo nan konfli ak pwosesis aprantisaj la oswa ak pwosesis ansèyman an;
9. santi yo ansekirite nan yo menm ak nan sa yo posede epi pote nan batiman lekòl la bagay pèsonèl ki apwopriye pou itilize sou pwopriyete lekòl la;
10. pou yo pa sibi fouy ki pa gen bon rezon valab oswa ki fè diskriminasyon kont yo, kit se fouye kò yo;
11. pou yo pa pran pinisyon fizik ak abi vèbal (dapre Règleman A-420 e A-421 Chanselye an; https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations);
12. refize patisipe nan Sèman Fidelite pou drapo an oswa kanpe pou sèman an.

## III. Dwa pou Gen Yon Tretman ki Jis

Tout elèv gen dwa pou yo trete yo nan ekite nan konfòmite ak dwa ki etabli nan dokiman sa a. Elèv yo gen dwa pou:

1. yo jwenn Kòd Disiplin lan (https://www.schools.nyc.gov/DCode) ak règ epi règleman lekòl lan;
2. konnen sa ki bon konpòtman epi konnen ki konpòtman ki ka lakoz yo jwenn sanksyon;
3. pou yo resevwa konsèy nan men manm pèsonèl pwofesyonèl la nan bagay ki gen rapò ak konpòtman yo si li afekte edikasyon yo ak byennèt yo nan lekòl la;
4. konn dispozisyon ak konsekans ki posib yo pou deli espesifik yo;
5. tretman ki jis nan ka sanksyon pou akizasyon nan vyolasyon règleman lekòl pwofesè yo ka sispann oswa mete elèv la deyò nan sal klas lan; elèv ki gen andikap yo, oswa yo "sispèk ki gen andikap yo" gen dwa pou jwenn sèten pwoteksyon dapre Lwa pou Edikasyon Moun ki Andikape (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA);
6. Tretman ki jis nan ka anksyon pou akizasyon nan vyolasyon règleman lekòl pwofesè yo ka sispann oswa mete elèv la deyò nan sal klas lan;elèv ki gen andikap yo, oswa yo "sispèk ki gen andikap yo" gen dwa pou jwenn kèk pwoteksyon dapre IDEA;
7. konnen pwosedi pou ale nan apèl ak aksyon an avèk desizyon responsab lekòl la dapre dwa ak responsablite yo jan yo fikse l nan dokiman sa a;
8. pou yon paran ak/oswa yon reprezantan akonpaye yo nan reyinyon ak nan odisyon yo;
9. prezans pèsonèl lekòl la nan ka kote polis ka prezan.

## IV. Lòt Dwa Elèv ki gen 18 lane ak Plis yo:

Lwa federal sou Dwa pou Edikasyon ak Vi Prive Fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, “FERPA”) bay elèv ki gen 18 lane yo kèk dwa ki gen rapò avèk dosye edikasyon elèv la.

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti yo gen dwa mande, verifye oswa revize dosye edikasyon yo nan espas 45 jou apati jou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la (NYCDOE) resevwa demann elèv la, nan konfòmite ak pwosedi ki tabli nan Règleman A-820 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti yo gen dwa pou mande pou chanje dosye edikasyon yo lè yo kwè yo pa presi, pa kòrèk, oswa lè yo vyole dwa sou vi prive yo dapre FERPA, nan konfòmite ak pwosedi ki tabli nan Règleman A-820 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti yo gen dwa pou bay konsantman alekri avan yo divilge enfòmasyon ki nan dosye edikasyon yo ki ka pèmèt yo idantifye yo pèsonèlman, eksepte nan ka kote FERPA pèmèt yo bay enfòmasyon sa yo san konsantman l, tankou nan ka sa yo:

- Bay yon responsab lekòl ki bezwen gade yon dosye edikasyon pou li ka pran responsablite pwofesyonèl li. Egzanp responsab lekòl yo gen ladan yo moun NYCDOE anplwaye (tankou administratè yo, sipèvizè yo, pwofesè yo, lòt edikatè oswa manm pèsonèl sipò yo) ansanm ak moun NYCDOE angaje yo pou bay sèvis oswa fonksyon li t ap itilize pwòp anplwaye l yo pou fè yo nan ka kontrè (tankou ajan, kontraktè ak konsiltan yo), epi ki sou kontwòl dirèk NYCDOE parapò ak itilizasyon epi jesyon enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye elèv apati dosye edikasyon l.

- Bay responsab yon lòt distri lekòl, si yo mande, kote yon elèv ap chèche ale, gen plan pou ale oswa kote li deja ye si enfòmasyon an se pou rezon transfè oswa enskripsyon elèv la.

- Lòt eksepsyon ki pèmèt divilgasyon enfòmasyon pèsonèl ki pèmèt yo idantifye moun lan san konsantman l gen ladan yo sèten tip divilgasyon:

    1. bay reprezantan antite gouvènman ak ofisyèl ki otorize yo parapò ak odit, evalyasyon oswa sèten lòt aktivite;
    2. parapò ak èd finansye elèv lan te aplike an oswa elèv lan te resevwa;
    3. bay òganizasyon ki ap reyalize etid yo pou, oswa nan non, NYCDOE;
    4. pou akredite òganizasyon yo pou yo reyalize fonksyon akreditasyon yo an;
    5. bay paran elèv ki gen laj 18 lane ak plis si elèv lan se yon depandan pou kesyon taks Sèvis Revni Entèn lan (Internal Revenue Service) (IRS);
    6. pou konfòme yo ak lòd lajistis oswa yon asiyasyon ki bay legalman;
    7. bay ofisyèl apwopriye yo parapò ak yon ijans sante oswa sekirite; ak
    8. enfòmasyon NYCDOE an te nonmen kòm "enfòmasyon repètwa." Pifò tip enfòmasyon sa yo depann sou kèk kondisyon ak limit anplis. Tanpri gade FERPA ak Règleman A-820 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations) pou plis enfòmasyon sou yo.

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti yo gen dwa pou verifye ak revize dosye enfòmasyon FERPA egzije pou lekòl yo kenbe lè y ap bay enfòmasyon pèsonèl ki ka pèmèt yo idantifye elèv lan san konsantman yo. Toutfwa, lekòl yo pa gen obligasyon pou anrejistre divilgasyon yo bay ofisyèl lekòl yo, diviligasyon ki lye ak kèk lòd lajistis oswa asiyasyon ki bay legalman, divilgasyon enfòmasyon repètwa ak divilgasyon bay paran oswa elèv ki gen pou pi piti 18 lane yo.

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti yo gen dwa pou pote plent bay Depatman Edikasyon Ameriken an si yo santi NYCDOE an pa respekte egzijans FERPA yo. Non ak adrès Biwo ki bay FERPA se:

Biwo Konfòmite Politik sou Fanmi
Depatman Edikasyon Ameriken
400 Maryland Avenue, SW
Washington, DC 20202-5920
Telefòn: 1-800-USA-LEARN (1-800-872-5327)

## V. Responsablite Elèv yo

Konpòtman responsab chak elèv sipòte dwa ki etabli yo nan dokiman sa a. Vyolasyon kèk nan responsablite sa yo ka lakoz, nan konfòmite ak Kòd Disiplin lan (https://www.schools.nyc.gov/DCode), mezi disiplin. Lè elèv yo aksepte responsablite konplè pou egzèse dwa yo, sa pral ofri yo pi gwo opòtinite pou sèvi tèt yo ak sosyete a. Elèv yo gen responsablite pou:

1. vin lekòl lan regilyèman epi a lè epi fè tout efò pou atenn tout domèn edikasyon yo;
2. prepare pou kou avèk materyèl ki apwopriye epi kenbe liv yo ak lòt ekipman lekòl la nan lòd;
3. suiv règleman lekòl la sou rantre ak kite sal klas la ak batiman lekòl la;
4. ede kenbe yon anviwònman ki pa gen zam, dwòg ilegal, pwodui ki sou kontwòl, ak alkòl;
5. byen konpòte yo nan yon fason ki kontribiye pou yon anviwònman aprantisaj sennesof epi ki pa vyole dwa lòt elèv genyen pou yo aprann;
6. pataje enfòmasyon ak responsab lekòl yo konsènan bagay ki ka mete sante ak byennèt manm kominote lekòl la andanje;
7. respekte diyite ak egalite lòt moun epi sispann konduit ki nye oswa vyole dwa lòt moun yo;
8. montre respè pou pwopriyete lekòl la ak respè pou pwopriyete lòt moun yo, ni prive ni piblik;
9. fòk ou janti, gen koutwazi, epi gen respè pou lòt moun kèlkeswa laj, ras, kwayans, koulè, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, relijyon, orijin nasyonal, pwa, sitwayènte/estati imigrasyon, oryantasyon seksyèl, kondisyon fizik ak/oswa emosyonèl, andikap, estati matrimonyal ak kwayans politik pou tout bon oswa jan yo wè l lan, epi kanpe sou jouman ki baze sou kritè sa yo;
10. konpòte yo ak politès, senserite nan kolaborasyon avèk lòt elèv yo ak pèsonè; lekòl la;
11. fè pwomosyon bon relasyon ant moun epi bati pon pou konpreyansyon pami manm kominote lekòl lan;
12. itilize metòd ki pa gen konfwontasyon pou rezoud konfli;
13. patisipe ak vote nan eleksyon pou gouvènman elèv yo;
14. ofri lidèchip ki pozitif lè yo fè gouvènman elèv yo yon fowòm ki gen sans pou ankouraje patisipasyon maksimòm;
15. travay avèk pèsonèl lekòl la pou kreye gwo pwogram ki andeyò pwogram lan pou yo ka reprezante divès enterè ak bezwen fizik, sosyal, ak kiltirèl elèv yo;
16. obsève kòd etik jounalis ki responsab;
17. sispann kominikasyon obsèn ak difamatwa nan diskou, nan ekri, ak nan lòt mòd ekspresyon tankou elektwonik, nan entèraksyon yo avèk kominote lekòl la;
18. eksprime tèt yo nan diskou, nan tèks, ak nan lòt mòd ekspresyon tankou elektwonik nan yon fason ki ankouraje kolaborasyon epi ki pa twouble pwosesis edikasyon an;
19. fè rasanbleman yon manyè pezib epi respekte desizyon elèv ki pa swete patisipe yo;
20. pote lekòl lan sèlman bagay pèsonèl ki san danje epi ki pa gen entèferans ak anviwonnman aprantisaj lan.
21. respekte prensip ki tabli pou abiman ak aktivite nan jimnaz lekòl la, nan kou edikasyon fizik yo, nan laboratwa yo, ak nan boutik yo;
22. abitye ak Kòd Disiplin lekòl lan (https://www.schools.nyc.gov/DCode) epi respekte règ ak prensip lekòl yo;
23. bay lidèchip pou ankouraje lòt elèv yo pou suiv politik ak pratik lekòl ki etabli;
24. kenbe paran yo enfòme sou zafè ki gen rapò avèk lekòl la, tankou pwogrè nan lekòl, aktivite sosyal ak edikatif, epi asire paran yo resevwa kominikasyon pèsonèl lekòl la bay elèv yo pou bay paran yo.

Tounen nan tèt lan

## ECHÈL SIPÒ AK SANKSYON PA ETAP

Echèl sipò ak sanksyon ki pi ba yo montre yon apwòch pa etap nan sanksyon pou konpòtman ki pa apwopriye. Move konpòtman elèv lan dwe jere ka pa ka. Nan tout ka yo, aplikasyon entèvansyon ak sanksyon ki apwopriye yo dwe konsidere yon kantite faktè, ansanm ak tip ak gravite move konduit la. Nan sèten, ka sipò ak entèvansyon pou elèv yo ka sèvi nan plas oswa ansanm ak sanksyon yo. Nan kèk ka, move konpòtman yon elèv ka mande pou l resevwa yon sanksyon byen presi oswa ki gen sans ansanm avèk sipò epi entèvansyon.

1. **Sipò ak Sanksyon An Menm Tan pou yon Move Konduit**
   Lè yon elèv gen move konpòtman, yo ba li sipò pou abòde konpòtman inapwopriye elèv la ak/oswa pwoblèm elèv la ka genyen ki ka fè li aji konsa, ansanm avèk yon sanksyon, si sa apwopriye. Objektif la se ankouraje pwogrè sosyoemosyonèl ak konpòtman sosyal epi anpeche move konpòtman alavni.

2. **Prevansyon Inivèsèl pou Tout Elèv**
   Lekòl lan pran yon lòt apwòch total pou fè pwomosyon yon konpòtman elèv ki pozitif. Nou rantre aprantisaj sosyoemosyonèl nan pwogram lan. Pèsonèl lekòl la reyini regilyèman pou asire gen yon pwogram sipò konplè pou elèv ki gen ladan l sèvis konsèy, opòtinite pou aprantisaj sosyoemosyonèl, opòtinite pou patisipasyon elèv ak sipò pou prevansyon ak entèvansyon sou konpòtman pou ankouraje ak motive konpòtman sosyal elèv yo epi konstwi koneksyon pozitif avèk kominote lekòl la. Lekòl la gen yon sistèm anplas pou idantifye byen bonè elèv ki nan bezwen sèvis prevansyon entèvansyon ak/oswa sipò.

3. **Premye Repons lan (yo)**
   Lè yon elèv ap eksperimante difikilte oswa l ap konpòte l yon fason inapwopriye, pwofesè a kontakte paran an, epi toudepan tip konpòtman an ak gravite li ak laj ak nivo matirite elèv la, pwofesè a ap pran youn oswa plis etap sa yo: fè yon konferans avèk elèv la; rekòmande elèv la bay konseye lekòl la, Ekip Pèsonèl Elèv lan (PPT), ak/oswa sansè a.

4. **Sipò ak Opsyon Entèvansyon yo (gade paj 13–15)**
   Nan lòd alfabetik:
   a. Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon
   b. Sèvis kominotè (avèk konsantman paran)
   c. Rezolisyon konfli
   d. Devlopman kontra sou konpòtman Endividyèl
   e. Evalyasyon Fonksyonèl sou Konpòtman (FBA)/Plan Entèvansyon sou Konpòtman (BIP) (gade paj 22)
   f. Konferans pou konsèy
   g. Edikasyon sou lasante
   h. Konsèy endividyèl/angwoup
   i. Plan Sipò Endividyèl (ISP)
   j. Entèvansyon pèsonèl pou konsèy la fè
   k. Ankadreman
   l. Kominikasyon avèk Paran
   m. Entèvansyon ak sipò sou konpòtman ki pozitif
   n. Rekòmandasyon pou sèvis konsèy apwopriye konsènan itilizasyon alkòl ak dwòg
   o. Rekòmandasyon ak yon òganizasyon kominotè (CBO)
   p. Rekòmandasyon pou sèvis konsèy pou entimidasyon, presyon oswa asèlman, ki gen ladan l entimidasyon ki gen patipri, presyon oswa asèlman
   q. Rekòmandasyon pou sèvis konsèy sou abi nan relasyon oswa nan vyolans seksyèl sou jèn
   r. Rekòmandasyon pou sèvis sipò sante mantal
   s. Rekòmandasyon bay Ekip Pèsonèl Elèv la (PPT)
   t. Rekòmandasyon bay Pwogram Espesyalis nan Prevansyon ak Entèvansyon nan Itilizasyon Alkòl ak Dwòg (SAPIS)
   u. Pratik koreksyon yo (gade tou paj 16–17)
   v. Rapò pwogrè sou konpòtman sou tan ki kout
   w. Aprantisaj sosyoemosyonèl

Pou elèv yon sipè entandan sispann, yo bay sipò pou elèv yo nan yon lòt lokal enstriksyon. Yo fè kontak ant lokal la ak lakay elèv la pou asire li fè pwogrè akademik ak pou tranzisyon an reyisi lè l retounen.

5. **Opsyon pou Sanksyon yo**
   - **Diferan Sanksyon Nan Lekòl la**
     a. Pèsonèl pedagojik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak enpak li
     b. Konferans elèv/pwofesè
     c. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (pa egzanp: asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann enpak li
     d. Konferans pou paran yo
     e. Lòt sanksyon nan lekòl (pa egzanp: konferans koreksyon fòmèl, ranvwa nan aktivite ki andeyò lekòl yo oswa poz pou manje ansanm)
   - **Revokasyon Pwofesè oswa Sispansyon Direktè an (gade paj 21–23)**
     f. Elèv pwofesè mete deyò nan sal klas
     g. Sispansyon direktè an bay (pou jiska 5 jou lekòl)
   - **Sispansyon Sipè entandan (gade paj 24–25)**
     h. Reentegrasyon Tousuit
     i. 6-10 jou lekòl
     j. 11-15 jou lekòl
     k. 16–20 jou lekòl* (pou enfraksyon Nivo 4 ak 5 yo sèlman)

*Sispansyon sipè entantan yo pou plis pase 20 jou lekòl ka bay sèlman lè lalwa egzije sa a oswa pou enfraksyon Nivo 5 yo ki enplike konpòtman ki trè danje ak/oswa vyolan kote sikonstans yo bay manda pou bay yon sispansyon ki pi long. Tout sispansyon ki depase 20 jou lekòl egzije apwobasyon nan men Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipè entandan Kominote an. Gade paj 24–25 pou plis enfòmasyon.

Tounen nan tèt lan

## SIPÒ AK ENTÈVANSYON

Sipò ak entèvansyon yo fè pati entegral yon repons global pou move konduit. Yo atann pou lekòl yo ofri sèvis sipò epi mete yo sou dosye, nan tout etap pwosesis disiplin lan, menm pandan moman sispansyon. Lè yo itilize entèvansyon yo avèk konsistans nan yon fason apwopriye, sa ka ede amelyore konpòtman elèv lan, li diminye kantite fwa elèv la repete move konpòtman an epi li kontribiye pou yon anviwònman lekòl ki pi pozitif. Sipò yo ka gen ladan yo nenpòt entèvansyon ki satisfè bezwen elèv lan pi byen.

### Dokiman Kontrandi Obligatwa

Tout ensidan, entèvansyon ak sipò yo dwe dokimante nan Sistèm Rapò Evennman yo Sou Entènèt lan (OORS) pou tout pati ki enplike yo, kote sa apwopriye, kèlkeswa si yo ap enpoze yon sanksyon ou pa. Pou plis enfòmasyon sou jan pou rapòte yon ensidan, tanpri gade Règleman A-412 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

Tout sanksyon yo dwe rapòte nan sistèm Sispansyon ak Biwo Odisyon Sou Entènèt lan (SOHO). Pou plis enfòmasyon sou politik sispansyon an, tanpri gade Règleman A-443 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

### Glosè Sipò ak Entèvansyon

Nan lòd alfabetik:

- Rezolisyon Pwoblèm nan Kolaborasyon
  Lè yon elèv gen move konpòtman, yon manm pèsonèl lekòl ki resevwa fòmasyon ka itilize pwoseis rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon an pou idantifye pwoblèm espesifik ki lakoz konpòtman an, fè soti enkyetid adilt yo konsènan konpòtman an, epi angaje elèv la nan yon pwosesis kolaborasyon pou konsidere rezon prensipal konpòtman an epi deside yon plan aksyon ki an menm tan rezonab toulede pati yo ka aksepte.

- Sèvis Kominotè (avèk Konsantman Paran)
  Sèvis kominotè an pèmèt elèv yo devlope aptitid epi angaje yo nan solisyon reyèl pou ede kominote yo. Li rann elèv yo responsab pou konpòtman yo epi pèmèt yo fè chanjman pozitif nan kominote an nan lide pou kontre move konpòtman yo te genyen anvan an.

- Rezolisyon Konfli
  Rezolisyon konfli fasilite rezolisyon ant de moun k ap diskite oswa plis. Nan itilize negosyasyon nan kolaborasyon, elèv yo koute aktivman epi pale sou yon pwoblèm oswa yon konfli dirèkteman avèk sila yo gen pwoblèm ak yo an pou rive jwenn yon solisyon ki satisfè toude pati yo.

- Devlopman Kontra sou Konpòtman Endividyèl
  Elèv la rankontre avèk pwofesè yo pou kreye yon kontra alekri ki gen ladan l objektif ak travay pèfòmans espesifik elèv la pral fè pou l atenn objektif sa yo. Elèv la ak pwofesè a ak paran an, kote sa apwopriye, siyen kontra a.

- Konferans pou Konsèy
  Direktè ak pwofesè yo ka mande yon konferans oryantasyon ak elèv lan ak, kote sa apwopriye, ak paran an. Objektif konferans lan se pou revize konpòtman an, jwenn solisyon pou pwoblèm lan ak konsidere pwoblèm akademik, pèsonèl ak sosyal ki ka lakoz oswa ki ka kontribiye ak konpòtman an.

- Edikasyon sou Lasante
  Edikasyon sou lasante se yon matyè ki obligatwa pou elèv tout klas. Nan klas sa a, elèv yo aprann konsèp epi aptitid yo bezwen pou yo rete ansante, ansanm ak aptitid sosyal ak emosyonèl, jan pou yo anpeche entimadasyon, kominikasyon ak aptitid nan relasyon epi kijan pou evite risk tankou alkòl, tabak ak lòt dwòg.

- Konsèy Endividyèl/Angwoup
  Konsèy endividyèl ofri elèv yo yon opòtinite pou pataje anprive pwoblèm ki ka gen efè negatif sou prezans, konpòtman ak/oswa siksè akademik yo. Konsèy an ti gwoup yo ka konsidere bezwen tankou jesyon estrès, jesyon kolè, ak pou rezolisyon konfli ak/oswa kapasite kominikasyon ki efikas, elatriye. Elèv yo diskite ak kreye objektif epi yo aprannn estrateji pou rezoud pwoblèm ki pral pèmèt yo abòde divès defi pèsonèl yo rankontre. Konseye yo ta dwe fè konferans avèk paran yo regilyèman pou diskite sou pwogrè akademik ak pèsonèl elèv la.

- Plan Sipò Endividyèl (ISP)
  Yon Plan Sipò Endividyèl (ISP) se yon plan ekri pou sipòte elèv ki te viktim oswa ki te demare entimidasyon, asèlman, presyon, diskriminasyon ak lòt konpòtman agresif. Li genyen, pami lòt bagay, entèvansyon ak sipò pou elèv lan ak pwovizyon pou pèsonèl lekòl ki nonmen pou chita pale ak elèv lan ak/oswa paran yo, nan moman ki presize, pou detèmine si konpòtman an amelyore. Li itil nan ka elèv ki bay manda pou yon apwòch ki pi sible ak/oswa ki enplike kontwòl ki regilye.

- Entèvansyon Pèsonèl pou Konsèy la fè
  Kote sa disponib, pèsonel pou konsèy ki nan lekòl la ak/oswa pwogram Sante Mantal nan Lekòl la ofri yon pakèt sèvis ak entèvansyon sante mantal konplè ak konfidansyèl, ki gen ladan men ki pa limite ak: evalyasyon, konsèy ak/oswa terapi endividyèl, an gwoup ak an fanmi, chita pale avèk pwofesè yo, ak estrateji edikasyon pou paran yo ak pèsonèl la.

- Ankadreman
  Yo fè elèv yo koresponn ak yon ankadrè/fòmatè oswa yon pwogram ankadreman nan lide pou travay ak yon konseye, pwofesè, elèv ak/oswa administratè pou devlopman pèsonèl, akademik ak sosyal.

- Kominikasyon avèk Paran
  Pèsonèl lekòl la ta dwe kenbe paran yo okouran sou konpòtman pitit yo an epi konsidere paran yo kòm asosye lè y ap chèche rezoud pwoblèm yo. Motivasyon paran yo ka gen ladan l, men l pa limite ak sa, yon apèl nan telefòn ak/oswa yon mesaj ekri ak lòt bagay ankò.

- Entèvansyon ak sipò sou konpòtman ki pozitif (PBIS)
  PBIS fè pwomosyon sistèm prevansyon ki baze nan lekòl pou amelyore rezilta sou konpòtman elèv lan nan bay yon estrikti fonksyonèl plizyè nivo epi atant sou konpòtman sou ansèyman nan menm fason ak nenpòt matyè fondamantal yon pwogram.

- Rekòmandasyon pou Sèvis Konsèy Apwopriye Konsènan Itilizasyon Alkòl ak Dwòg
  Nan ka kote yon elèv prezante pwoblèm ak itilizasyon alkòl ak dwòg, tankou itilizasyon, posesyon oswa distribisyon dwòg ilegal, materyèl pou dwòg ak/oswa alkòl, yo ta dwe fè li rekòmandasyon pou sèvis konsèy ki swa nan lekòl la, swa yon ajans deyò, oswa nan yon òganizasyon kominotè.

- Rekòmandasyon ak yon Òganizasyon Kominotè (CBO)
  Yo ka rekòmande elèv yo nan yon CBO pou divès sèvis tankou pwogram apre lekòl, konsèy endividyèl oswa angwoup, fòmasyon lidèchip, rezolisyon konfli ak leson akademik patikilye.

- Rekòmandasyon pou Sèvis Konsèy pou Entimidasyon, Presyon oswa Asèlman, ki gen ladan l Entimidasyon Ki Gen Patipri, Presyon oswa Asèlman
  Lè yon elèv oswa yon gwoup elèv patisipe nan vyolans tankou vyolans sou entènèt, entimidasyon oswa asèlman ki baze sou patipri yon lòt elèv oswa yon gwoup elèv, ni viktim lan ni elèv ki gen move konpòtman an, yo ta dwe rekòmande yo pou konsèy, sipò ak sèvis edikasyon pèsonèl lekòl la oswa yon ajans CBO bay.

- Rekòmandasyon pou sèvis konsèy sou abi nan relasyon oswa nan vyolans seksyèl sou jèn
  Lè yon moun pran abitid itilize menas oswa abi fizik, seksyèl ak/oswa emosyonèl pou kontwole yon moun li renmen avèk li, lekòl la ta dwe rekòmande ni viktim lan ni elèv ki gen move konpòtman an nan lekòl oswa CBO apa pou konsèy, sipò ak sèvis edikasyon.

- Rekòmandasyon pou Sèvis Sipò Sante Mantal
  Yo ka refere elèv yo pou resevwa sèvis nan men yon ajans konsèy, sante mantal oswa ankadreman.

- Rekòmandasyon bay Ekip Pèsonèl Elèv la (PPT)
  Ekip Pèsonèl Elèv yo se ekip ki nan lekòl la ki itilize yon metòd avèk plizyè disiplin pou ankouraje siksè elèv atravè prevansyon, estrateji entèvansyon ak sipò. Yo idantifye yon responsab dosye pou chak rekòmandasyon yo fè pou elèv epi yo kreye yon plan endividyèl pou ede elèv la fè fas avèk difikilte akademik ak/oswa sosyoemosyonèl yo.

- Rekòmandasyon bay Pwogram Espesyalis nan Prevansyon ak Entèvansyon nan Itilizasyon Alkòl ak Dwòg (SAPIS)
  Yo ka refere elèv yo ki gen risk pou itilizasyon alkòl ak dwòg yo, enplikasyon nan gang, sispansyon nan lekòl, konpòtman ki deranje yo ak enfraksyon ki lye ak Kòd Disiplin lan bay SAPIS pou sèvis entèvansyon. SAPIS founi atelye pou paran ki abòde pwoblèm itilizason alkòl ak dwòg, menm jan ak entimidasyon ak prevansyon kont vyolans. SAPIS ofri sèvis repons kont kriz ak lekòl ki bezwen sipò pandan ensidan kriz yo. Li bay tou sèvis entèvansyon nan klas Kindergarten pou rive nan 12yèm ane pou anpeche epi diminye konsekans sante, sosyal ak edikatif negatif yo ki asosye ak itilizasyon alkòl ak dwòg.

- Pratik Koreksyon yo
  Itilizasyon pratik koreksyon yo pou ankouraje bon relasyon ant moun ak nan gwoup—epi rezoud move konpòtman lè li rive—se yon poto mitan nan yon apwòch pa etap pou disiplin. Nan pratik koreksyon yo genyen negosyasyon nan kolaborasyon, pwosesis nan sèk, medyasyon ant kamarad, rezolisyon konfli, ak konferans koreksyon fòmèl. Ni medyasyon ni rezolisyon konfli pa, nan okenn sikonstans, yon entèvansyon apwopriye pou entimidasyon oswa bay presyon akoz yon dezekilib pisans ki asosye ak entimidasyon ak bay presyon. Tanpri gade paj 16 -17 pou plis enfòmasyon.

- Rapò pwogrè sou konpòtman sou tan ki kout
  Pwofesè ak/oswa direktè yo ka voye rapò pwogrè sou konpòtman bay paran regilyèman jiskaske yo santi elèv la gen kontwòl konpòtman yo epi yo ap travay nan sal klas la avèk siksè.

- Aprantisaj Sosyoemosyonèl
  Ekipe elèv yo ak aptitid pou jere emosyon, etabli objektif pozitif, montre sansiblite pou lòt moun epi etabli relasyon pozitif, aprantisaj sosyoemosyonèl ede elèv yo pran desizyon ki responsab epi ki konstriktif.

Tounen nan tèt lan

## PRATIK KOREKSYON YO

Tout manm yon kominote lekòl pote ansanm avèk yo divès aptitid, enterè, opinyon ak eleman familyal ak kiltirèl. Diferans sa yo ka yon sous gwo enèji ak fòs lè manm kominote an valorize epi respekte youn lòt. Itilizasyon pratik koreksyon yo pou ankouraje bon relasyon ant moun ak nan gwoup ak rezoud move konpòtman lè li rive se yon poto mitan nan yon apwòch pa etap pou disiplin.

Yon apwòch koreksyon ak chanjman disiplin yo chanje kesyon fondamantal ki poze yo lè yon ensidan sou konpòtman rive. Olye pou mande kiyè ki gen tò ak kòman pou pini sila ki te gen move konpòtman yo, yon metòd pou koreksyon poze kat kesyon kle:

- Kisa ki te rive?
- Kiyès ki te sibi chòk oswa kiyès konpòtman an afekte?
- Kisa yo bezwen fè pou korije sitiyasyon an?
- Kòman moun yo ka konpòte yo yon lòt fason alavni?

### Glosè Pratik Koreksyon yo

- Pwosesis Sèk la: Itilizasyon pwosesis sèk pou koreksyon an nan pwogram edikatif yon lekòl se yon estrateji pou prevansyon ak entèvansyon ki enpòtan anpil. Pwosesis sèk la pèmèt yon gwoup bati relasyon, tabli konpreyansyon ak konfyans, kreye yon kominote ki gen sans, aprann kòman pou pran desizyon ansanm, devlope antant pou avantaj tout moun, rezoud pwoblèm ki difisil, epi rezoud lòt pwoblèm nan moman yo rive.

  Elèv yo se pi gwo gwoup patnè nan yon kominote lekòl epi li se pi gwo resous pou kreye ak sipòte yon anviwònman lekòl sennesof ak agreyab. Bati kominote pami elèv ak ant elèv yo, fanmi yo ak manm pèsonèl enpòtan yo pou kreye yon kilti agreyab ak enklizif nan lekòl la Lè elèv yo santi yo aksepte, valorize, respekte epi entegre, yo bati yon koneksyon pozitif ak lekòl lan epi ankouraje reziliyans.

  Sèk konstriksyon kominote yo konsantre sou:

  - Sekirite ak Konfyans. Manm kominote yo bezwen yon sans sekirite epi konfyans pou konekte youn ak lòt.
  - Onè. Manm yo entèraji ak ekite epi entegrite epi rekonèt responsablite pèsonèl yo pou aksyon yo.
  - Franchiz. Manm kominote yo santi yo alèz pou pataje panse ak santiman yo.
  - Respè. Pou yo ka konekte kòm yon kominote, manm yo dwe santi yo ba yo valè ak respekte yo kòm moun, epi yo dwe reponn yonn ak lòt ak respè.
  - Responsabilizasyon. Yon sans ranfòsman kapasite se yon eleman enpòtan ak yon volonte pou vin manm yon kominote. Sipò kominotè pèmèt manm yo vin gen yon nouvo lide apwopo tèt yo ak yon nouvo sans konfyans nan kapasite yo.

  Lè yo itilize pwosesis pou koreksyon kòm yon mezi entèvansyon pou rezoud move konpòtman elèv, li ka ede lekòl yo bati rapò ak bay manm kominote yo kapasite pou pran responsablite pou byennèt lòt moun; anpeche oswa rezoud konfli avan li pi grav; konsidere faktè enpòtan ki fè jèn gen move konpòtman ak bati fleksiblite; ogmante kapasite sosyal moun ki fè lòt mal, anpatikilye sa yo ki fè lòt moun mal; epi bay moun ki mal aji yo opòtinite pou yo pran responsablite pou moun yo fè mal epi pèmèt yo repare mal la lè sa posib. Yon sèk ka sèvi tou kòm repons ak yon sousi anpatikilye ki afekte kominote lekòl lan.

- Negosyasyon Nan Kolaborasyon: Itilizasyon negosyasyon nan kolaborasyon an pèmèt yon moun pale sou yon pwoblèm oswa yon konfli dirèkteman avèk moun yo gen pwoblèm lan pou rive jwenn yon solisyon ki satisfè toude pati yo. Fòmasyon nan negosyasyon nan kolaborasyon an gen ladan l aprantisaj koute ak atansyon ak lòt teknik kominikasyon pou rezoud pwoblèm.

- Medyasyon Ant Kamarad: Yon abit ki pa gen patipri (nan yon lekòl, yon elèv ki resevwa fòmasyon pou jwe wòl abit pou kamarad li) fasilite pwosesis negosyasyon an ant pati ki nan konfli yo pou yo ka jwenn yon solisyon ki satisfè tout moun. Medyasyon rekonèt pwendvi konfli moun k ap diskite yo valab epi li ede yo jwenn yon solisyon ki satisfè bezwen toulede. Moun k ap fè diskisyon yo dwe chwazi itilize medyasyon epi dwe vini nan pwosesis lan ak tout volonte yo. Yo pa itilize medyasyon nan sitiyasyon kote yon moun se viktim yon lòt moun (pa egzanp: nan ka asèlman oswa entimidasyon), akoz yon dezekilib nan pisans.

- Konferans Fòmèl pou Koreksyon: Yon moun ki te resevwa fòmasyon espesifik nan rasanble moun ki te rekonèt yo koze chòk ak sila yo te fè mal yo fasilite yon konferans. Malgre sikonstans yo, sante mantal ak fizik, sekirite ak byennèt endividi ki te resevwa chòk yo gen pi gwo enpòtans lè nou konsidere opsyon sa a nan yon anviwonnman lekòl. Toude pati yo ka pote sipòtè yo nan sèk lan ensidan an te afekte tou. Objektif konferans lan se pou moun ki ap fè mal lan epi moun ki sibi mal lan pou yo konprann pèspektiv youn lòt epi jwenn yon akò ansanm ki pral repare chòk lan otan li posib pou li repare. Yo ka itilize yon reyinyon ofisyèl pou koreksyon kòm yon entèvansyon ansanm avèk yon sanksyon (pa egzanp: yon elèv patisipe nan yon reyinyon koreksyon ofisyèl an menm tan yo retire l nan klas yon pwofesè oswa li jwenn sispansyon direktè lekòl la oswa sipè entandan an) oswa li ka sèvi kòm yon entèvansyon disiplin pou abòde move konduit ki pa egzije yon pwofesè mete l deyò oswa ba l yon sispansyon. Konferans sa a pa ta dwe sèvi lè gen yon dezekilib nan pisans yo ka sispèk ant elèv k ap patisipe yo.

- Sèk pou Reentegrasyon: Yon sèk pou reentegrasyon se yon pwosesis ki la pou akeyi elèv la ankò fòmèlman nan kominote lekòl la ak pou etabli yon sistèm sipò pou elèv lan (tankou relasyon ak resous kle). Elèv ki retounen an ak lòt patisipan nan sèk yo (pa egzanp, pèsonèl lekòl lan ak paran yo) pran angajman sou jan yo pral ankouraje yon retou ki pase swa epi abòde sikonstans endividyèl oswa kominotè yo ki te kontribiye nan evennman sispansyon an. Sèk lan bay yon espas pou elèv yo eksprime yo, koute aktivman pèspektiv yon lòt moun epi konstwi yon sans kominote. Pratik sa a ede bati yon kilti lekòl ki solid elèv yo, pèsonèl lan ak sila yo nan kominote an ka apiye yo sou li epi tounen sou li nan moman yo bezwen. Yon sèk pou reentegrasyon ka sèvi kòm yon entèvansyon ansanm ak yon sanksyon (pa egzanp: yon elèv patisipe nan yon sèk pou reentegrasyon apre yon pwofesè te mete l deyò nan klas lan oswa yon direktè oswa sipè entandan te sispann li).

[Tounen nan tèt lan]

## KONSIDERE KONPÒTMAN VYOLAN AK KONPÒTMAN KI BAZE SOU PREJIDIS

### Prevansyon ak Entèvansyon

Yo atann pou chak lekòl pou fè pwomosyon yon kilti lekòl ki ankourajan ki fè pwomosyon relasyon ant moun ak nan gwoup ak respè pou divèsite pami elèv yo ak ant elèv yo ak pèsonèl lan. Lekòl yo ta dwe founi tout elèv yo yon anviwonnman ki solidè e ki ansekirite kote pou yo grandi epi briye akademikman ak sosyalman. Kapasite elèv yo pou aprann ak satisfè gwo nòm akademik yo ak kapasite kominote lekòl la pou edike elèv li yo andanje lè elèv yo patisipe nan konpòtman diskriminasyon oswa asèlman, vyolans, entimidasyon oswa fè presyon kont lòt elèv.

Lekòl yo ta dwe anpeche konpòtman entimidasyon atravè:

- Reyalizasyon estrateji aprantisaj sosyoemosyonèl nan tout lekòl lan ak nan sal klas yo epi apwòch pozitif ak disiplin;
- Enstriksyon ki apwopriye ak laj sou prevansyon kont entimidasyon nan chak klas ki antre nan pwogram lan;
- Kreyasyon yon klima nan tout lekòl lan ak sal klas lan ki sipòte divèsite rasyal, kiltirèl ak lòt fòm, (pa egzanp: kominikasyon sou atant sou konpòtman yo, entegrasyon plan leson sou rediksyon prejidis, modelizasyon konpòtman san patipri, devlopman sansiblite ak aprantisaj ki kowopere); ak
- Ankourajman patisipasyon paran nan inisyativ prevansyon konpòtman entimidasyon yo.

Chak lekòl ta dwe fè entèvansyon pou met yon fen ak konpòtman entimidasyon, itilize metòd disiplin ki montre yon angajman ak pratik koreksyon yo, ki ka gen ladan l, men ki pa limite ak:

- Rekòmandasyon tousuit elèv ki sibi domaj lan bay sèvis sipò apwopriye yo nan lekòl lan ak kominote an;
- Rekòmandasyon sila yo ki te koze domaj lan bay sèvis konsèy lan pou abòde konpòtman ki pa anba ak/oswa bay administratè yo pou disiplin apwopriye;
- Avi pou tout moun ki enplike yo;
- Pwosesis pou rezolisyon, tankou sèk jistis koreksyon yo, yon lidè sèk eksperimante ap dirije; ak
- Aksyon ki ap pousuiv ki fèt pou anpeche repetisyon, tankou sipèvizyon granmoun ki pa sispann grandi sou yon aktivite kote ensidan te rive epi kontwòl rapwoche sekirite pou sila yo ki te sibi domaj.
- Plan Sipò Endividyèl ("ISP")
- Rekonvokasyon yon rankont Pwogram Edikasyon endividyèl (IEP)
- Patisipasyon nan sèvis kominotè (avèk konsantman paran)

Vyolans ak asèlman ka pran plizyè fòm epi li gen ladan konpòtman ki vize elèv yo akoz ras, koulè, peyi yo soti, etnisite, sitiyasyon imigrasyon, relijyon, kwayans, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, idantite seksyèl, jan yo eksprime sèks oswa gwosè. Konpòtman sa yo poze gwo menas pou tout elèv epi se responsablite yon lekòl pou elimine anviwònman agresif asèlman sa a kreye, konsidere efè yo epi pran mezi pou asire asèlman sa a pa rive ankò. Tout rapò asèlman yo, presyon, diskriminasyon ak/oswa konpòtman entimidasyon pral sibi ankèt, epi yo pral poze aksyon suivi ki apwopriye. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade Règleman A-832 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

Tout moun nan kominote lekòl la—pwofesè yo, pèsonèl sipò an, ajan sekirite yo, pèsonèl kafeterya a, pèsonèl gadyen an, chofè otobis yo, konseye pedagojik yo, elèv yo ak paran yo—bezwen konprann kisa entimidasyon an ye epi regleman NYCDOE yo ki entèdi konpòtman sa yo. Klarifye regleman lekòl ki entèdi vyolans ak diskriminasyon epi dekouraje konpòtman obsèvatè (k ap gade) enpòtan anpil pou ede elèv yo jwe yon gwo wòl nan anpeche vyolans.

Aprantisaj sosyoemosyonèl efikas entegral pou anpeche konpòtman vyolan ak/oswa konpòtman prejidis ant elèv ki ka ede elèv yo devlope bon jan konpetans sosyoemosyonèl. Konpetans fondamantal sa yo se: rekonèt ak jere pwòp emosyon yo; devlope atansyon ak sousi pou lòt moun; tabli relasyon pozitif; pran bon jan desizyon; epi jere sitiyasyon difisil yon fason ki pozitif ak anpil etik.

Elèv ki ka rekonèt epi jere pwòp emosyon yo ka pi konfyan pase agresif oswa pi pasif lè y ap aji ak kamarad yo. Elèv yo ki devlope swen ak sousi pou lòt moun yo epi etabli relasyon ki pozitif gen mwens chans pou yo angaje nan entimidasyon oswa konpòtman ki gen diskriminasyon. Anplis, elèv ki aprann kòman pou pran desizyon ak jere sitiyasyon difisil ak etik yon fason kontriktif gen mwens chans pou yo kanpe tankou obsèvatè epi yo gen plis chans pou aji kòm asosye si yon kamarad yo se yon viktim nenpòt tip asèlman oswa entimidasyon. Pou ede elèv yo aprann kòman pou yo vin alye, NYCDOE ofri pwofesè ak konseye yo fòmasyon lè yo itilize modil pwogram lan ki rele Ankouraje Respè pou Tout Moun (Fostering Respect for All): Bay Elèv yo Kapasite pou yo Kite Kategori Obsèvatè pou vin Alye ansanm ak lòt opòtinite pou fòmasyon pwofesyonèl Ankouraje Respè pou Tout Moun (RFA). Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite Bibliyotèk NYCDOE Ankouraje Respè pou Tout Moun (RFA) lan (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all).

Pou ede kominote lekòl lan abòde pwoblèm konpòtman entimidasyon ak patipri an, Bibliyotèk NYCDOE Ankouraje Respè pou Tout Moun (RFA) lan (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all) ofri plizyè resous pou paran yo, elèv yo, pèsonèl lekòl lan ak lidè lekòl yo. Resous sa yo se dokiman pou oryantasyon ak konsèy pou paran ak elèv yo, tankou yon bwochi enpòtan RFA pou konprann diferans ant vyolans ak konfli, ansanm ak leson, lis liv ak lòt materyèl akademik pou pèsonèl lekòl la. Nou ankouraje lekòl yo itilize resous sa yo pou entegre leson sou prevansyon vyolans, tankou vyolans sou entènèt, ak respè pou divèsite ak lòt aktivite nan pwogram enstriksyon yo an.

Bibliyotèk Ankouraje Respè pou Tout Moun la ofri lekòl yo tou enfòmasyon sou opòtinite ak estrateji pou angaje elèv yo nan fè pwomosyon pou respè tankou Mwa Prevansyon kont Entimidatè an, Semèn pou Sispann Bay Moun Non oswa atravè pwojè tankou Se Pa nan Lekòl Nou an oswa Pa Gen Plas pou Rayisman. Kit lekòl yo itilize lis liv yo pou idantifye yon kou oswa Liv Mwa lekòl la oswa kit se edikatè ki resevwa fòmasyon ki fè seminè ant kamarad pou anpeche vyolans oswa pou ankouraje respè pou divèsite, li enpòtan pou chak lekòl pran gwo angajman nan kreye yon fonksyònman ak klima nan lekòl kote tout elèv santi yo gen sekirite ak respè.

Paran ak elèv yo ka rapòte sousi konsènan konpòtman entimidasyon lè yo fè youn nan sa ki suiv lan:

1. Avize manm liyezyon Respè pou Tout Moun (RFA) nan lekòl lan, yon manm administrasyon lekòl timoun lan oswa nenpòt anplwaye lòt lekòl; oswa
2. Soumèt yon fòmilè sou entènèt (https://www.nycenet.edu/BullyingReporting) oswa yon imèl bay Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn yo (OSYD) nan RespectforAll@schools.nyc.gov; oswa
3. Si sousi an enplike asèlman ki baze sou sèks moun lan, voye yon imèl tou bay Kowòdonatè Tit IX DOE an nan Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov; oswa
4. Rele 718-935-2288 lendi pou rive vandredi depi 9:00AM-5:00PM.

Paran yo ta dwe mande nimewo ensidan an nan men administrasyon lekòl lan pou suivi. Yo konnen l tou kòm nimewo Sistèm Rapò Evennman yo Sou Entènèt lan (OORS).

Tout rapò asèlman, presyon, diskriminasyon, ak/oswa konpòtman entimidasyon pral sibi ankèt epi yo pral poze aksyon suivi ki apwopriye. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade Règleman A-832 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

## Kisa Entimidasyon ye?

Entimidasyon se konpòtman ki fèt nan entansyon pou fè lòt moun mal. Moun ki komèt entimidasyon lan di oswa fè yon bagay eksprè pou fè moun lan mal ak konpòtman yo.

Entimidasyon toujou mache ak yon dezekilib pouvwa (fizik oswa sosyal) oswa fòs ant moun ki fè vyolans lan ak viktim vyolans lan. Moun ki fè vyolans lan ka pi gwo oswa pi fò onivo fizik oswa li ka pi gran oswa li ka gen pi gwo ran oswa pouvwa sosyal pase moun ki viktim lan.

Entimidasyon se konpòtman agresif yon moun (oswa yon gwoup) ki vize yon moun (oswa yon gwoup) anpatikilye. Konpòtman agresif la pa resevwa bon akèy epi li negatif. Sa delibere e yo pa pwovoke l. Sa yo di oswa fè an fè moun ki vize an mal nan yon fason delibere. Plis espesifikman, dapre Lwa Edikasyon Nouyòk, Seksyon 11 (https://www.nysenate.gov/legislation/laws/EDN/11):

"Asèlman" ak "entimidasyon" vle di kreyasyon yon anviwonnman ostil ak konpòtman oswa menas, entimidasyon oswa abi, sa gen ladan l entimidasyon sou entènèt, ki (a) genyen oswa t ap genyen pou efè pou li nan entèferans ak pèfòmans edikatif yon elèv nan yon fason ki pa rezonab e ki pa grandyoz, opòtinite oswa avantaj, oswa byennèt mantal, emosyonèl oswa fizik; oswa (b) ki lakoz nan yon fason rezonab oswa yo te ka atann ki lakoz nan yon fason rezonab yon elèv pè pou sekirite fizik yo; oswa (c) ki lakoz nan yon fason rezonab oswa yo te ka atann ki lakoz nan yon fason rezonab domaj fizik oswa chòk emosyonèl kont yon elèv; oswa (d) ki rive andeyò lakou lekòl lan epi kreye oswa ta kreye nan yon fason yo ka prevwa yon risk pou yon deranjman konsiderab nan anviwonnman lekòl lan, kote sa previzib pou konduit lan, menas yo, presyon an oswa abi an ta ka atenn pwopriyete lekòl lan. Aksyon asèlman ak entimidasyon yo ta dwe gen ladan yo, men yo pa limite ak, aksyon sa yo ki baze sou ras, koulè, pwa, orijin nasyonal, gwoup etnik, relijyon, pratik relijyon, andikap, oryantasyon seksyèl, idantite sèksyèl oswa sèks yon moun pou tout bon oswa jan yo wè l lan. Nan objektif definisyon sa a pou tèm lan "menas, presyon oswa abi" pral entegre aksyon ki vèbal ak aksyon ki pa vèbal.

Asèlman ak/oswa entimidasyon ka pran anpil fòm epi yo ka fizik, non vèbal, vèbal oswa alekri. Li ka yon sèl ensidan oswa yon seri ensidan ki lye. Diskriminasyon ekri, asèlman, presyon ak/oswa entimidasyon gen ladan l kominikasyon ki transmèt elektwonikman ak entimidasyon sou entènèt (pa egzanp: atravè teknoloji enfòmasyon ki gen ladan l, men ki pa limite ak: entènèt, telefòn selilè, imèl, asistan nimerik pèsonèl aparèy pòtab san fil, medya soyal, blòg, sal tchat, ak sistèm jwèt).

## Entimidasyon Pa Konfli

Konfli se yon lit ant de moun oswa plis ki wè yo gen objektif oswa dezi ki pa konpatib. Konfli rive natirèlman pandan nou ap entèraji youn ak lòt. Se yon pati nòmal nan lavi pou nou pa toujou dakò ak lòt moun sou bagay nou vle yo, sa nou panse oswa sa nou vle fè.

Pifò konfli ant elèv rive lè elèv yo wè menm sitiyasyon an yon fason diferan. Panse ak kèk mwayen nou dekri moun ki gen konfli: “Yo t ap frape tèt yo”; “Yo t ap monte desann youn nan direksyon lòt”; “Se te ‘li te di/yo te di.’” Nan ka sa yo, toude moun yo "rakonte istwa a fason pa yo" menm jan.

Nan yon konfli, moun yo ka fache epi kontrarye. Gen chans pou kantite emosyon chak moun santi pral prèske menm paske toulede ta renmen jwenn sa yo vle a. Nan anbyans moman an, emosyon yonn oswa toude moun yo ka transfòme an konfli. Nou tout konnen konfli kote moun di bagay pou blese yon lòt moun yo regrèt pi ta.

Moun ki angaje nan yon konfli vle sousi an rezoud. “Ale vini” ki genyen an se chak moun k ap eseye fè opinyon yo pase pou sa yo vle a. Lè yon moun oswa toude moun yo gen aptitid pou rezoud kont lan yon fason pou de seri bezwen yo satisfè, menm konfli an ant de menm moun gen plis chans pou li pa repete.

Tounen nan tèt lan

## PWOSEDI DISIPLIN YO

### Sanksyon nan Lekòl

Lekòl yo gen yon seri sanksyon yo ka itilize pou fè elèv yo pran responsablite pou move konpòtman yo epi ki pa mande pou yo mete yo deyò nan sal klas oswa lekòl la, oswa pou voye yo nan yon lòt lokal pou resevwa enstriksyon. Sanksyon primè sa yo pa sou menm liy ak Echèl pa etap pou Sipò ak Sanksyon yo. Yon desizyon lekòl pou itilize yon sanksyon dwe konsidere yon kantite faktè, ansanm ak tip ak gravite move konduit la.

### Sispansyon epi Deyò nan Sal Klas

Yo dwe fè tout sispansyon ak ranvwa nan sal klas dapre pwosedi ki nan regleman chanselye a, nan Lwa Edikasyon Eta a ak nan Lwa Federal.lan (Sonje: Pwosedi disiplin elèv lan pou lekòl pandan vakans yo varye parapò ak sa yo itilize yo pandan ane lekòl nòmal lan epi yo ba yo yon fason separe.) Yo dwe mete tout enfòmasyon nan dosye elèv la nan konfòmite Règleman A-443 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations). Yo atann pou lekòl yo bay sipò pou elèv k ap retounen sot nan sispansyon pou yo ka ogmante kapasite yo pou satisfè nòm sosyal ak akademik kominote lekòl la.

Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn yo ("OSYD") oswa lòt reprezantan Chanselye a ka enpoze sispansyon pou plis pase senk jou lekòl nan tout lekòl, oswa Sipè entandan an ka fè sa, pou elèv ki nan lekòl primè ak nan lekòl presegondè yo. Pou fasilite referans lan, tèm "sispansyon sipè entandan" itilize nan tout dokiman sa a pou endike ni sispansyon Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn yo oswa lòt reprezantan Chanselye a fè ak sispansyon Sipè entandan Kominote a fè.

Sispansyon sipè entantan yo pou plis pase 20 jou lekòl (gade paj 24-25 pou plis enfòmasyon) ka bay sèlman lè lalwa egzije sa oswa pou enfraksyon Nivo 5 yo ki enplike konpòtman ki trè danje ak/oswa vyolan kote sikontans yo bay manda pou bay yon sispansyon ki pi long. Tout sispansyon ki depase 20 jou lekòl egzije apwobasyon nan men Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipè entandan Kominote an.

### Opsyon Anplis pou Elèv ki gen Andikap yo

Elèv ki gen andikap yo, plan 504 yo oswa elèv yo "kwè ki gen andikap" y0 gen dwa pou reclame garanti pwosedi espesifik dapre IDEA (gade Règleman A-443 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations). Yo sispèk yon elèv gen yon andikap si paran an montre enkyetid alekri ke elèv la bezwen edikasyon espesyal ak/oswa sèvis ki gen rapò avèk edikasyon espesyal, paran an fè yon demand alekri pou yo evalye pitit yo an, paran an oswa pèsonèl la montre enkyetid yo sou yon abitid nan konpòtman oswa si yo te rekòmande elèv la pou yon premye evalyasyon.

### Revizyon pou Detèminasyon Sanksyon (MDR)

Yo dwe fè yon revizyon pou detèminasyon sanksyon lè yon elèv ki gen andikap oswa yon elèv yo sispèk ki gen andikap vin nan sitiyasyon kote y ap chanje li anviwònman kòm sanksyon pou yo ka wè si konpòtman an se kòz andikap la oswa gen yon relasyon dirèk nan yon nivo konsiderab avèk andikap la, ak/oswa konpòtman an se rezilta dirèk dèske yo pat aplike IEP a oswa Seksyon plan 504 la. Si konpòtman elèv lan se yon manifestasyon andikap elèv lan, elèv lan ka pa sanksyone pou konpòtman an, eksepte nan sèten ka. Si yo detèmine konpòtman elèv lan pa yon manifestasyon andikap elèv lan, elèv lan ka tonbe anba disiplin pou konpòtman an.

Yon chanjman plasman pou disiplin rive si yo pral retire elèv la nan pwogram regilye yo an pou:

(1) plis pase 10 jou lekòl suivi suivi kòm rezilta sispansyon yon sipè entandan;
(2) plis pase 10 jou lekòl angwo nan yon peryòd 40 jou lekòl kòm rezilta twa sanksyon oswa plis (sispansyon sipè entandan an, sispansyon direktè an ak/oswa lè yon pwofesè mete l deyò); oswa
(3) plis pase 10 jou lekòl total nan yon ane lekòl kòm rezilta repons disiplin direktè an detèmine ki lakoz retire l nan klas lan plizyè fwa.

Gade paj wèb NYCDOE an pou Sipò Konpòtman (https://www.schools.nyc.gov/special-education/supports-and-services/behavior-supports) pou plis enfòmasyon.

## Evalyasyon Fonksyonèl sou Konpòtman yo (FBA yo) ak Plan Entèvansyon sou Konpòtman yo (BIP yo)

Si yon elèv ki gen yon IEP vin nan sitiyasyon pou yo pran sanksyon kont li menm epi yo wè konpòtman an se rezilta andikap elèv la, yo dwe reyalize yon FBA oswa mete li ajou epi devlope oswa modifye yon BIP. Anplis, menm lè yo wè konpòtman yon elèv se pa rezilta andikap li, yon FBA ka ede yo konprann konpòtman elèv la pi byen.

Yon evalyasyon fonksyonèl sou konpòtman (FBA) se yon evalyasyon yo itilize pou chèche konnen rezon ki fè yon elèv ki gen andikap gen konpòtman ki anpeche l aprann epi kòman konpòtman an gen rapò avèk anviwònman an.

FBA a dwe baze sou plizyè sous done, yo jwenn nan plizyè anviwònman ak lè jounen an, tankou enfòmasyon dirèk lè y ap obsève elèv la; enfòmasyon elèv lan, pwofesè elèv la, founisè sèvis ki lye yo oswa lòt moun ki gen entèraksyon avèk elèv la ak yon evalyasyon done ak enfòmasyon ki disponib nan dosye elèv la ak nan lòt sous, ansanm ak nenpòt enfòmasyon ki fè sans paran elèv la oswa moun k ap pran swen li yo founi. Se yon ekip k ap reyalize FBA a; direktè lekòl la ap chwazi ekip la ak fasilitatè li an.

Yon plan entèvansyon sou konpòtman (BIP) se yon plan ki baze sou rezilta yon FBA epi ki gen omwen yon deskripsyon konpòtman an, ipotèz global ak espesifik ki di poukisa li rive ak estrateji entèvansyon ki entegre sipò ak konpòtman pozitif pou rezoud pwoblèm konpòtman an. BIP a dwe idantifye ki estrateji entèvansyon yo pral itilize pou diminye sikonstans pou anpeche konpòtman an repete, anseye elèv la lòt konpòtman pou adapte, epi bay repons pou konpòtman inapwopriye an (yo) ak lòt konpòtman ki akseptab. Yo dwe itilize done fondamantal yo kòm yon nòm pou etabli kritè pèfòmans pou sèvi kòm baz pou evalye efikasite entèvansyon an. Yo dwe kontwole PIB a (epi fè yon rapò bay paran an) avèk menm mezi ranmasaj done (frekans, entansite, dire ak/oswa peryòd) yo te itilize pou kolekte done fondamantal yo pou FBA a. Objektif lan se pou konpòtman pwoblèm lan diminye pandan konpòtman ranplasman ogmante.

Lè yo fin reyalize yon FBA, ekip IEP a dwe reyini pou yo evalye rezilta FBA a, devlope yon BIP pou mache avèk li (si sa apwopriye), epi mete IEP elèv la ajou pou fè konnen si gen bezwen yon aparèy oswa sèvis patikilye tankou entèvansyon, aranjman oswa lòt modifikasyon pwogram, pou korije konpòtman elèv la.

Tounen nan tèt lan

## SANKSYON YO

Tanpri gade Echèl Pwogrè pou Sipò ak Sanksyon yo (gade paj 11–12) pou jwenn yon seri opsyon disiplin tankou itilizasyon yon konferans pou koreksyon ki fòmèl.

Yo dwe enpoze tout sanksyon dapre egzijans pwosedi yo epi tout enskripsyon nan dosye elèv lan dwe fèt nan konfòmite ak egzijans obligatwa Regleman A-443 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations) epi konsistan ak seri sanksyon ki otorize pou yon enfraksyon anpatikilye. Yo atann pou lekòl yo itilize sipò ak entèvansyon ak sanksyon ki pa bezwen retire elèv la nan lekòl la depi sa posib ak apwopriye, avan pou konsidere pou pwofesè a mete l deyò nan sal klas lan, sispansyon direktè an oswa sispansyon sipè entandan an.

Ansanm ak sanksyon ki suiv yo lan, yo ka sèvi ak konferans pou koreksyon fòmèl ak yon sèk pou reentegrasyon (gade definisyon yo nan paj 17) kòm yon entèvansyon.

### Sanksyon nan Lekòl

Sanksyon nan lekòl yo ka gen ladan yo detansyon oswa ranvwa nan aktivite ki andeyò lekòl yo oswa poz pou manje ansanm. Si yo itilize sanksyon sa yo nan lekòl la, yo pa dwe pran yo pandan lè kou, yo pa ka lakoz yon elèv pèdi kou epi yo dwe fè yo nan konfòmite ak Politik Byennèt NYCDOE an (https://infohub.nyced.org/reports-and-policies/policies/doe-wellness-policy).

### Evakyasyon nan Sal Klas lan nan men Pwofesè an

Yon elèv ki gen konpòtman ki deranje pwosesis edikasyon an oswa ki pa respekte otorite pwofesè an nan sal klas la nan yon fason konsiderab, yo ka mete l deyò pou nan klas la nan kad opsyon disiplin ki nan Kòd sa a. Yo dwe pèmèt tout elèv yo retire nan yon klas ale nan yon klas yon lòt pwofesè (pa egzanp: mizik, boza, syans).

Yo dwe voye elèv yo mete deyò yo yon kote nan lekòl la pou yo kontinye resevwa sèvis enstriksyon tankou travay nan klas ak devwa pou lakay. Pandan yo dwe jere move konpòtman elèv lan selon ka espesifik la, yo dwe fè tout efò pou abòde konpòtman ki deranje klas la anpil nan itilize sanksyon A-E yo (gade paj 12) ansanm avèk sipò epi entèvansyon ki apwopriye yo avan pou yon pwofesè retire yon elèv nan klas.

- Dapre Lwa sou Edikasyon Nouyòk, Seksyon 2801 (https://www.nysenate.gov/legislation/laws/EDN/2801), si nenpòt pwofesè mete yon elèv nan deyò nan sal klas kat (4) fwa pandan yon semès oswa twa (3) fwa pandan yon trimès, yo dwe enpoze yon sispansyon direktè an bay pou yon peryòd minimòm yon (1) jou si elèv la gen lòt konpòtman ki ta lakoz pou pwofesè a mete l deyò nan sal klas la pandan semès oswa trimès sa a. Pa egzanp, olye se pwofesè sa a ki ta ka retire yon elèv nan klas li yon senkyèm fwa, se direktè lekòl la ki pou bay elèv la sispansyon. Yo dwe suiv kondisyon direktè a bay pou enpoze sispansyon.

### Sispansyon Direktè an bay

Yon direktè gen otorite pou sispann yon elèv pou youn a senk jou lekòl pou konpòtman ki prezante yon danje klè ak tousuit pou chòk fizik pou elèv la, lòt elèv yo oswa pèsonèl lekòl la, oswa anpeche fonksyonnman kou yo nan lòd oswa lòt aktivte lekòl ki konsistan ak sanksyon ki etabli nan Kòd sa a. Yo dwe fè efò rezonab pou abòde konpòtman inapwopriye elèv avèk sipò ak entèvansyon avan pou yo enpoze yon sispansyon direktè an.

Yo dwe bay elèv yo sispann yo enstriksyon tankou devwa pou lakay ak travay nan klas nan yon lòt espas edikasyon nan lekòl la.

## Sispansyon Sipè entandan an bay

Yon sipè entandan ka bay yon sispansyon pou yon peryòd ki plis pase senk jou lekòl epi yo ka fè sa pou konpòtman Kòd Disiplin lan bay otorizasyon pou sispansyon yon sipè entandan bay.

Yo dwe bay yon elèv yon sispansyon sipè entandan bay dwe jwenn opòtinite pou yon odisyon kote elèv la gen opòtinite pou prezante prèv ak temwen yo nan non yo epi pou poze temwen lekòl la kesyon.

Si lekòl la pwouve akizasyon yo ak sispansyon an rete, Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye an oswa Sipè entandan Kominote an ka enpoze youn nan sa ki suiv yo la jan li etabli anba ak sou paj ki suiv yo.

- Reentegrasyon Tousuit
  Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye an oswa Sipè entandan Kominote a ka reentegre elèv la nan lekòl ki sispann li an tousuit apre yo te fin pran desizyon pou kenbe sispansyon an ak yon sèk pou reentegrasyon (gad paj 17) lè li tounen.

- Sispansyon pou yon Peryòd Fiks 6-10 Jou Lekòl
  Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye an oswa Sipè entandan Kominote a ka mande sispansyon elèv lan nan lekòl pou yon peryòd fiks 6-10 jou lekòl kote elèv la dwe resevwa enstriksyon nan yon lokal ki pa nan batiman lekòl la. Nan fen peryòd sispansyon an, elèv lan dwe reentegre nan lekòl kote yo soti an ak yon sèk pou reentegrasyon (gade paj 17) lè yo tounen.

- Sispansyon pou yon Peryòd Fiks 11-15 Jou Lekòl
  Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye an oswa Sipè entandan Kominote a ka mande sispansyon elèv lan nan lekòl pou yon peryòd fiks 11-15 jou lekòl kote elèv la dwe resevwa enstriksyon nan yon lokal ki pa nan batiman lekòl la. Nan fen peryòd sispansyon an, elèv lan dwe reentegre nan lekòl kote yo soti an ak yon sèk pou reentegrasyon (gade paj 17) lè yo tounen.

- Sispansyon pou Yon Peryòd Fiks 16-20 Jou Lekòl
  Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye an oswa Sipè entandan Kominote a ka mande sispansyon elèv lan nan lekòl pou yon peryòd fiks 16-20 jou lekòl kote elèv la dwe resevwa enstriksyon nan yon lokal ki pa nan batiman lekòl la. Nan fen peryòd sispansyon an, elèv lan dwe reentegre nan lekòl kote yo soti an ak yon sèk pou reentegrasyon (gade paj 17) lè yo tounen.

## Opsyon Dispozisyon pou Sispansyon Sipè entandan an ki Egzije Apwobasyon nan men Chanselye an oswa Reprezantan l oswa Sipè entandan Kominote an

Sispansyon sipè entandan yo pou plis pase 20 jou lekòl ka bay sèlman lè lalwa egzije sa a oswa pou enfraksyon Nivo 5 yo ki enplike konpòtman ki trè danje ak/oswa vyolan kote sikontans yo bay manda pou bay yon sispansyon ki pi long. Konpòtman ki danje tout bon ak/oswa vyolan ka gen ladan l, men li pa limite ak, konpòtman ki lakoz domaj fizik grav oswa fòse yon lòt moun patisipe nan aktivite seksyèl. Tout sispansyon ki depase 20 jou lekòl egzije apwobasyon nan men Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipè entandan Kominote an. Kote yon sispansyon plis pase 20 jou lekòl apwouve, sanksyon ki suiv yo la disponib:

- Sispansyon Pwolonje pou 21–39 Jou Lekòl
  Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipè entandan Kominote a ka mande yo sispann yon elèv pandan 21–39 jou lekòl kote elèv lan dwe resevwa enstriksyon nan yon lokal ki pa nan batiman lekòl lan. Nan fen peryòd sispansyon an, elèv lan dwe reentegre nan lekòl kote yo soti an ak yon sèk pou reentegrasyon (gade paj 17) lè yo tounen.

- Sispansyon Pwolonje pou 40-180 Jou Lekòl Ak yon Revizyon Otomatik Nan 30 Jou Lekòl ak Chak 15 Jou Lekòl Apresa
  Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipè entandan kominotè a ka mande pou yo sispann yon elèv pou 40-180 jou lekòl epi reentegre l nan yon lòt lokal enstriksyon avèk yon revizyon otomatik pou yo reentegre l avan sa chak 30 jou lekòl epi chak 15 jou lekòl apresa. Lè y ap deside sou dat pou yo reentegre elèv la, Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipè entandan Kominote a, nan nivo sa posib, ap konsidere kalandriye lekòl la pou yo ka asire elèv la kontinye resevwa edikasyon. Si yo pa otorize yon reentregrasyon avan lè, elèv la ap rete nan lòt lokal la l ap resevwa enstriksyon pou rès tan sispansyon an epi yo dwe reentegre l nan lekòl ki te sispann li an nan fen sispansyon an ak yon sèk pou reentegrasyon (gad paj 17) lè li tounen.

- Sispansyon Yon Lane ak yon Revizyon Otomatik pou Reentegrasyon Prekòs nan 60 Jou Lekòl epi Chak 30 Jou Lekòl Apresa
  Nan konfòmite avèk Lwa Federal 1994 lan pou Lekòl San Zam lan ki entèdi pou gen zam nan lekòl, yo dwe sispann nenpòt elèv yo wè ki pote oswa ki gen yon zamafe, bonm oswa lòt eksplozif nan lekòl (jan yo espesifye l nan Kategori 1 an), pou yon peryòd ki pa pi piti pase yon lane. Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye an oswa Sipè entandan Kominote a (jan Lwa Sou Lekòl yo San Zam lan defini l) ka modifye sispansyon sa a, alekri, pou yon elèv selon chak ka anpatikilye ak yon sèk pou reentegrasyon (gade paj 17) lè li tounen.

  Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipè entandan kominote a ka mande pou yo sispann yon elèv pou yon lane epi mete l nan yon lòt lokal pou l resevwa enstriksyon, avèk yon revizyon otomatik pou yo reentegre l avan lè nan lekòl ki te sispann li an nan 60 jou lekòl chak 30 jou lekòl apresa. Si yo pa otorize yon reentrgrasyon avan lè, elèv la ap rete nan lòt lokal la l ap resevwa enstriksyon pou rès tan sispansyon an epi yo dwe reentegre l nan lekòl ki te sispann li an nan fen sispansyon an ak yon sèk pou reentegrasyon (gade paj 17) lè li tounen.

- Ekspilsyon (Sèlman Pou Elèv Edikasyon Jeneral yo Ki Vin Gen Laj 17 lane Avan Kòmansman Ane Lekòl la, Ki se 1ye Jiyè
  Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn yo oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipè entandan kominote a ka mete yon elèv deyò nan sistèm Lekòl Leta Vil Nouyòk sèlman si elèv la nan edikasyon jeneral epi li deja gen 17 lane avan kòmansman ane lekòl la.

## Sipò pou Elèv yo Pandan Sispansyon an ak Lè Yo Tounen sot nan Sispansyon an

Lekòl yo dwe bay elèv yo sipò apwopriye pandan peryòd sispansyon yo an ak lè yo retounen nan lekòl yo lè yo sot nan sispansyon an pou yo ka ogmante kapasite yo pou satisfè nòm sosyal/konpòtman ak akademik yo nan kominote lekòl la. Nan nivo lekòl presegondè ak lekòl segondè yo, yo voye elèv ki nan sispansyon sipè entandan yo nan Lòt Sant Aprantisaj (ALC yo). Nan ALC yo, elèv yo resevwa enstriksyon akademik chak jou ansanm avèk anpil sipò ak entèvansyon. Yo dwe bay elèv ki gen IEP yo sèvis edikasyon espesyal apwopriye pou pèmèt elèv la fè pwogrè pou objektif IEP li yo.

Objektif la pou tout nivo klas yo se prepare elèv yo pou retounen nan lekòl kote yo ye an avèk plis atitid, estrateji ak aptitid pro-sosyal ki ankouraje rezilyans epi redui chans pou yo repete move konpòtman an. Se responsablite lekòl kote yon elèv ye an pou kontinye sipò yo. Sipò yo ka gen ladan yo nenpòt nan seri sipò ak entèvansyon yo oswa yon melanj toude, ki ka satisfè bezwen chak elèv anpatikilye pi byen.

Tounen nan tèt lan

## APÈL AK TRANSFÈ

### Apèl

Paran yo ka mande pou ale nan apèl ak sispansyon yo. Yo ka ale nan apèl avèk sispansyon Direktè a fè devan Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipè entandan Kominote an.

Yo ka ale nan apèl avèk sispansyon sipè entandan an (pa egzanp: sispansyon Direktè Egzekitif Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye an oswa Sipè entandan Kominote an) devan Chanselye a. Gade Règleman A-443 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations) pou plis enfòmasyon osijè delè tan ak pwosesis pou fè yon apèl.

### Opsyon Transfè yo

- Transfè Volontè yo:
  Nan kolaborasyon avèk Biwo Enskripsyon Elèv yo, Direktè Egzekitif Anchèf Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn lan oswa lòt reprezantan Chanselye an oswa Sipè entandan Kominote an ka transfere yon elèv nan yon lòt lekòl si paran an dakò. Pou enfòmasyon konsènan transfè sekirite, gade Règleman A-449 Chanselye an (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations).

- Transfè Envolontè yo:
  Lè konpòtman ak/oswa dosye akademik yon elèv ki nan edikasyon jeneral montre adaptasyon nan lekòl la pa satisfezan epi si direktè a kwè elèv la ta gen avantaj nan yon transfè oswa li ta resevwa yon edikasyon apwopriye yon lòt kote, direktè a ka fè yon transfè envolontè dapre Règlemantasyon A-450 Chanselye an. (https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations). Yo pa ka fè yon transfè envolontè nan lòt lekòl pou yon elèv ki gen andikap pou l resevwa menm pwogram yo ap resevwa nan lekòl aktyèl yo an. Si yo kwè yon elèv ki gen andikap gen bezwen yon pwogram/sipò edikasyon espesyal ki diferan paske konpòtman ak dosye akademik elèv la montre adaptasyon l nan lekòl la pa satisfezan, lè sa a lekòl la ta dwe fè yon reyinyon IEP.

Tout Règleman Chanselye yo disponib sou sit entènèt NYCDOE an https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations.

Tounen nan tèt lan

## BAGAY YO ENTÈDI: ZAM YO

### Kategori I

- Zamafe, tankou pistolè, pistolè demaraj, zam pwent, silansye, flèch elektwonik, fizi, mitrayèt oswa nenpòt zam ki pral oswa ki fèt pou oswa ki kapab konvèti fasilman pou lanse pwojektil avèk yon eksplozif.
- Pistolè ki paralize yo/zam
- Pistolè avèk lè, pistolè avèk resò oswa lòt enstriman oswa zam kote fòs ki pou aktive l la se yon resò oswa lè ak nenpòt zam kote yo ka itilize nenpòt katouch ki vid oswa chaje (tankou fizi ak bal BB oswa fizi ki sèvi ak bal penti)
- Kanif, kanif ak gravite, kouto balistik "pilum" ak baton avèk epe (yon baton ki kache yon kanif oswa yon kouto)
- Ponya, talon pwenti, ponya ki file debò, razwa, kouto pou koupe bwat, kouto kuizin ak tout lòt kouto yo
- Koko makak, blackjack, baton, chukka stick, ak fo pwen an metal
- Fistibal (ti pwa lou ki atache oswa ki lanse ak yon fil) ak lans
- Bagay pou konba tankou zetwal kung fu yo, nunchuck ak shiruken yo
- Eksplozif tankou bonm, peta ak bonm a retadman.

### Kategori II

Sonje: Avan yo mande pou sispann yon elèv poutèt li gen yonn nan bagay ki nan kategori II a pou yon rezon ki pa pou blese, pa egzanp: yon lim zong, direktè a dwe konsidere si gen sikonstans ki mwens grav ki egziste. Anplis, direktè a dwe konsidere si yon pistolè imitasyon sanble reyèlman ak yon bon pistolè lè l konsidere faktè sa yo, koulè, dimansyon, fòm, aparans ak pwa.

- Asid oswa pwodui chimik ki danje (tankou "pepper spray", gaz lakrimojèn)
- Pistolè imitasyon oswa lòt zam imitasyon
- Katouch ki chaje oswa vid ak lòt minisyon
- Nenpòt enstriman ki ka tuye, danjere oswa file yo ka itilize oswa panse itilize kòm yon zam (tankou sizo, lim zong ki gen kat pous oswa plis epi ki fèt ak metal, vè kase, chèn, fil fè).

Tounen nan tèt lan

## DISIPLIN PA ETAP

Konprann disiplin kòm yon "moman ansèyman" fondanmantal pou yon apwoch pozitif ak disiplin lan. Disiplin pa etap itilize gwo entèvansyon pou konsidere konpòtman ki apwopriye nan objektif pou anseye konpòtman sosyal. Disiplin pa etap pa chache pinisyon. Olye sa, disiplin pa etap chèche pito responsablite ak chanjman nan konpòtman ki pozitif.

Disiplin pa etap la anpeche konpòtman negatif kontinye rive lè yo ede elèv yo aprann apati pwòp erè yo. Ede elèv ki te patisipe nan konpòtman negatif enpòtan anpil nan reyalizasyon disiplin pa etap. Objektif yo se pou elèv:

- konprann rezon ki fè konpòtman an pa sou menm liy ak nòm konpòtman yo ak mal li lakoz;
- konprann kisa yo ta ka fè ki diferan nan menm sitiyasyon an;
- pran responsablite pou aksyon yo fè;
- ba yo opòtinite pou yo aprann estrateji ak aptitid sosyal pou yioitilize alavni; epi
- konprann pwogresyon nan repons ki pi sevè si konpòtman sa a repete ankò.

Yo dwe fè tout efò posib pou korije move konpòtman elèv lan atravè konsèy ak lòt entèvansyon nan lekòl la tankou pratik koreksyon yo. Sipò ak entèvansyon enpòtan paske konpòtman ki pa apwopriye ak vyolasyon kòd disiplin lan ka sentòm yon pwoblèm ki pi grav elèv la genyen. Kidonk li enpòtan pou pèsonèl lekòl la sansib ak pwoblèm ki ka enfliyanse konpòtman elèv yo epi reyaji nan yon manyè ki pi favorab pou bezwen yo.

Pinisyon ki apwopriye a ta dwe konsantre sou prevansyon ak entèvansyon ki efikas, ankouraje rezilyans, anpeche entèripsyon nan edikasyon elèv lan, epi ankouraje devlopman yon pratik pozitif nan lekòl la. Lè move konduit yon elèv lakoz yo mete l deyò nan sal klas lan, lekòl la ta dwe konsidere, kote sa apwopriye, pou itilize pwosesis sèk pou reentegrasyon pou koreksyon an (gade paj 17 pou plis enfòmasyon) kòm yon estrateji efikas pou ede elèv la retounen avèk siksè nan pwogram regilye li an.

Pou elèv ki gen andikap ki gen konpòtman ki anpeche yo patisipe nan lekòl, yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA) se yon zouti enpòtan pou konprann kisa ki lakoz konpòtman elèv la. Yon plan entèvansyon sou konpòtman (BIP) apre yon FBA bay apwòch espesifik pou abòde konpòtman elèv lan.

## Detèmine Sankyon an

